ФИФI ФЫМЫГъЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГъЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№124 (21.782) ● 2010 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 6, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● Дыгъуасэ

ГРЫЗЛОВ Борис: ЩIыналъэхэм щекIуэкI псалъэмакъхэм мыхьэнэшхуэ яIэщ

Сыт хуэдэ Кавказ Ищхъэрэм и къэкIуэнур, абы хиубыдэу Къэбэрдей-Балькъэрым дауэ зиужыну, дыгъуасэ Налшык къалэм къыщызэIуаха парт конференцым сыт хуэдэ къалэнхэр зыхуигъэувыжрэ? «Хьыбарыщ-хэр. Къэбэрдей-Балькъэр» программэм и корреспондент Ярославская Маринэ хуигъэува а упщIэхэм жэуап кьриташ Къэрал Думэм и УнафэщI, «Урысей зэкъуэт» партым и Совет Нэхъыщхьэм и Iэтащхьэ Грызлов Борис.

УпщIэр: Налшык къалэм щекIуэкI конференцым щытепсэльыхьынущ Къэбэрдей-Балькъэрым абы и гъунэгъуэхэмрэ зэрызаужыну стратегием. Ди щIыналъэм щыпсэухэм ар гъэзэщIэным сыт къахудэкIуэну?

Грызлов: Мы щIыналъэ зэхуаку конференцыр адрейхэм куэдкIэ къащхьщокI. ИлъэкыпIэкIэ ар ди партым и съезд мыину къэплытэ хъунущ икIи «Урысей зэкъуэтым» апхуэдэ зэхьыхьэшхуэ мы гъэм кьриубыдэу иджы етIуанэу ешъэрегъэпэщ. Япэ конференцыр Сыбыр федеральнэ округым щекIуэкIащи, абы кьрикIахъэм иджыпсту щыщIэдзауэ утепсэльыхь хьунущ: округым и субъектхэм инвестицэ щыкIэу гъэпса проекту 136-рэ кьыхальхьати, абыхэм ящыщу 27-м планер зэIущIэм щытепсэльыхьащ. Нэхъыщхьэ дыдэраци, а зэIущIэм кьыщыIэта Iуэху щхьэхуэхэр зэрэIэгъэкIыным теухуа пщэрыльхэр къэралым и правительствэм и Iэтащхьэм зыхуэфащэ Iэнатlэхэм я унафэщIхэм яритащ. Налшык щекIуэкIыну конференцири абы хуэдэ дыдэщ. Къэбэрдей-Балькъэрым иджыпсту зэхьуэкIыныгъэфIхэр кьыщохъу. Абы къыдэкIуэу фи республикэм иц щыхуэмэ я бжыгъэм зэрыхэхьуэр кьыхэгъэщыпхъэщ. Ди къэралым и дежкIэ абы мыхьэнэшхуэ иIэщ, сыту жыпIэмэ, Урысейм иц щыху бжыгъэр зы мелуаным нэблагъэкIэ нэхъ мащIэ щыхьуу щыта ильэсхэр дэ щыгъупщакъым. Нэгъабэщ демографие щытыкIэм зыкъыщигъэзар. Къэбэрдей-Балькъэрым абы и лъэныкъуэкIэ и Iуэхур зэрымыIейм къыдэкIуэу, республикэм и валовэ щIынальэ продуктми хохьуэ. Фи дежи хъугъуэфIыгъуэ зэмылIэужьыгъуэхэр кьыщыщахьиу щыпIэу 40-м нэс кьыщагъэсэбэпу хуежьащ. Мэкъумэшь хозяйствэм хьарзынэу зеужь. Ауэ а псоми кьадэкIуэу дэ кьыдгуроIуэ Кавказ Ищхъэрэр туризмэм, турист-рекреацэ щIыналъэхэм я льакъэу зэрыщытыр, спортым зегъэужьыныкIэ зыхуеину Iэмалхэр мыбы щызэтегъэувэным мыхьэнэшхуэ зэриIэр.

(КIэухыр 2-нэ нап.)

Зыужьыныгъэм и щIэдзапIэ

Дыгъуасэ «Урысей зэкъуэт» политикэ партым Налшык къыщызэIуихащ Кавказ Ищхъэрэм 2020 гъэ пщIондэ социально-экономикэ и лъэныкъуэкIэ зэрызиужьыну щIыкIэр щаубзыху конференцым и япэ Iыхьэр. Апхуэдэу абы кьыщаIэтащ СКФО-м 2010 - 2012 гъэхэм я программэр.

ДЫГЪУАСЭРЭ зэIущIэр Iыхьитхуу зэхэугуэшыкIаУэ Налшык и щIыпIэ зэпэщхьэхуэхэм щекIуэкIащ. Абыхэм щыхэпльащ СКФО-м хьихьэ республикэу, крайуэ Урысейм и щIыналъи 7-м социально-экономикэ и лъэныкъуэкIэ зэрызауэкьынум хуэунэтIа проект 80-м щIигъум. Абыхэм щыщу нэхъыфIхэр зэпэщхьэхуэ секцитхум кьыщыхахыу, махуэм и кIэм зэхэту ирагъэкIуэкIыжыну зэIущIэм кьыщащтэжьин хуейуэ арат. Гупхэр зэхэгъэщхьэхуэкIат дтхэнэри зэлэжьыну Iэнатlэм тещIыхьауэ: инновацI Iэнатlэм, промышленностьм, энергетикэм, мэкъумэш комплексым; узынщагъэр хьумэным; щэнхабзэм, туризмэм, спортым; щIэныгъэмрэ щIэныгъэ егъэгъуэтыныбзэ.

А лэжьыгъэ гугъуэм зыубгъуауэ хэтащ «Урысей зэкъуэт» политикэ партым и Совет Нэхъыщхьэм и УнафэщI, Къэрал Думэм и Тхьэмадэ **Грызлов Борис**, УФ-м ФедерацэмкIэ и Советым и Iэтащхьэм и къуэдзэ **Орловэ Светланэ** Къабардей-Балькъэрымрэ Ингушымрэ я президентхэу **Кьанокъуэ Арсенрэ Евкуров Юнус-Бэчрэ**, Ставрополь щIыналъэм и губернатор **Гаевский Валерий**, СКФО-м хьихьэ республикэхэм, крайм я правительствэхэм щыщхэр, партхэм, жылагъуэхэм я лIыкIуэхэр, хьэрычэтщIэхэр, профсоюз Iэтащхьэхэр.

Щыхьэщхьэм Налшык и Къэрал концерт гъэлъэгъуапIэ залым псори щызэхьыхьэжри, кьыхаха проектхэр кьыщызэдащIэжащ.

Налшык щекIуэкIа конференцым и планарэ зэIущIэм нобэ Ставрополь щыпищэнущ.

Зи гугъу тщIа Iуэхугъуэхэр зэпкърыхауэ кьызэгъэльагъуэ тхыгъэхэр ди газетым и кьыкIэлъыкIуэ кьыдэкIыгъуэхэм кьытехуэнущ.

ГЪУЩIО Зариф.

Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

● Къэрал къулыкъущIапIэхэм

2012 гъэм ятынущ Театрхэм я унэр

КъБР-м и Президент Кьанокъуэ Арсен республикэм и Правительствэм хэтхэм ядригъэкIуэжIа зэIущIэм иджыпсту ялэжьхэм щытепсэльыхьащ.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балькъэрым и Унафэщыр щIэупщIащ 2002 гъэм кьрагъэжьауэ щыта Театрхэм я унэр ухуэныр и кIэм щынэсынымрэ Музыкэмкlэ театрыр зэрызэрагъэпэщыжымрэ. Ухуэныгъэмрэ архитектурэмкIэ министр **Абрэдж Iэдиб** зэрыжиIамкIэ, Театрхэм я унэр 2012 гъэм ятынущ. Iэмэпсымэхэм я уасэр хэмыту, абы сом мелуан 940-рэ трагъэкIуэдащ.

- Музыкэмкlэ театрым и гугъу тщIымэ, Щэнхабзэмкlэ министерствэм кьыдита сметэмкlэ мыпкъым и нэхъыбэр техникэр зэхъуэкIыным тепIыхьат. Абы дыхэпльэжри, театрым и Iуупльапlэри, фойери, абджэри, дэкIуепIэхэри зэрыщыту къэдгъэщIэрэщIэжыну тедухуащ, - жиIащ министрым.

- ЦIыхухэм дежкIэ ар зыгъэпсэхупIэ зэпэщ хьун хуейщ. Лэжьыгъэр зэрагъэзащIэм фыкIэлъыпльэ мы Iуэхум ильэс 20-кIэ кьытрамыгъэзэжьин хуэдэу, - кьыхигъэщащ **Кьанокъуэ Арсен.**

КъБР-м Спортымрэ туризмэмкlэ и министр **АфIэунэ Аслъэн** Президентым хуиIуэтащ УФ-м Спортымрэ щIалэгъуалэ политикэмкIэ и министр **Мутко Виталий** Мэзкуу зэрыщыIущIам, Тэрчэ Анзорейрэ футбол джэгупIэхэр щыуэхуным. Налшык къалэм и Сабий стадионыр зэгъэпэщыжыным теухуауэ зэрызэпсэльам кърикIуахэр. Федеральнэ бюджетым кьыхэкIыу иужьрей Iуэхум сом мелуан 60, республикэм ейуэ мелуан 40 хухахынущ. Стадионым и губгъуэр, къэжьхьыпIэхэр, атлетикэ псынщIэм зыщыкуагъасэ щIыпIэр кьагъэщIэрэщIэжынущ, спорт гимнастикэм и пэщ зыхэт, физкультурэмрэ узынщагъэр егъэфIэкIуэнымрэ я унэ яухуэнущ.

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ **Уэнаев Казым** Кьанокъуэ Арсен хигъэтIысхьэащ бадзэуэгъуэм и 18-м кьыщыщIэдзауэ и 23 щIондэ Налшык щекIуэкIыну «Кавказ-2020» щIалэгъуалэ Iуэхум зэрызыхуагъэхьэзырым. Лагерым кьекIуэлIэну цIыху 1000-р щэтыр 348-м трагъэшэнущ. Эксперт-егъэджакIуэу 40 кьэкIуэнущ, губгъуэ пщэфIапIэхэм щэтыр нэхъ инхэу 12 лъагъэснущ. Публэу кьызэрабжамкIэ, транспортым пкIуэр хэмыту, мы Iуэхум сом мелуан 17,8-рэ хуэзэнущ. Кьанокъуэ Арсен кьызэрагъэльэгъуамкIэ, нэхъапэкIэ а мылькур республикэ бюджетым кьыхахыну трауэхуат. Ауэ УФ-м и Правительствэм и полномочинэ дIыкIуэр Кавказ Ищхъэрэ Федеральнэ округым щыIэ **Хлопонин Александр** и унафэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхугъэмкlэ Федеральнэ агентствэм и Iэтащхьэ **Якименкэ Василий** иращIыIа зэгурыIуэныгъэмрэ япкъ иткIэ, текIуэдэнум щыщ Iыхьэр федеральнэ бюджетым хухихынущ.

- Мыр урысейпсо Iуэхуу щыщыткIэ, екIуэр ещхьу егъэкIуэкIын хуейщ. Адрей кьалэхэм абыкIэ яIэ зэфIэкIхэм факIэльыпльэ, нэхъыфIу кьызэвгъэпэщ. Бюджетым щымыщ мылъку фыкуэй хъумэ, къэвбжи кьызжефIэ, - кьыхигъэщащ республикэм и Президентым.

ТОЛАСОВЭ Екатеринэ.

ГЪЩIО ЛЪАПЭМ

Нэгъабэ нэхърэ хуэдэ зырэ ныкъуэкIэ нэхъыбэ

Къэбэрдей-Балькъэрым щагъэкIа горох щхъуантIэр зытет хьэсэхэм я процент 60-р е гектар 1100-м щIигъур бадзэуэгъуэм и 1-м ирихьэлIэу Iуахыжащ икIи а къэкIыгъэм щелэжь предприятэхэм тонн мини 5 ирашэлIащ. Мы джэшхэкI къэкIыгъэм гектар къэс хуэзэу центнер 43-рэ къет.

ГОРОХ щхъуантIэм республикэм и предприятэу 9 йолажь. Абыхэм а ерыскъыкIыр банкI мелуан 16-м щIигъум ирапльхьащ. А бжыгъэр 2009 гъэм и апхуэдэ зэманым елытауэ процент 154-рэ мэхъу. Консервэу ягъэхьэзырыр нэхъыбэ зэрыхъуар куэдкIэ и фIыщIэщ мэкъумэшыщIэхэр мы лэжьыгъэм и зэманым зэреувэлIам.

Республикэм и тафэ щIыпIэхэм хъэщэпэцэри щыIуахьыж. Дыгъэрыт илъэсым псори зэхэту гъавэрэ джэшхэкIыу тонн мин 600 хуэдиз къыщIалэкIыкIфыну щогуфэ (2009 гъэм къэрахьэлIар тонн мин 580-рэ хьууэ щытащ).

САМЧЕНКЭ Светланэ.

● Шэрэдж куей

Шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыным хоплъэ

Шэрэдж муниципальнэ районым и администрацэм терроризм пэщIэтыныкIэ и комиссэм и зэIущIэм щытепсэлъыхьащ иджыпсту мы щIыналъэм щынагъуэ къэмыгъэхьунымкIэ щыIэ щытыкIэр. Абы кьырихьэлIащ терроризм пэщIэтыныкIэ комиссэм хэтхэр, районым и прокурорыр, УФ-м Щынагъуэншагъэмкlэ и федеральнэ кьулыкъущIапIэм и Управлензу КъБР-м щыIэм и кьудамэу Шэрэдж районым щыIэм и оперуполномоченэр, районым и жылагъуэхэм и Iэтащхьэхэр, щIыпIэ самоуправленэм и район советым и депутатхэр.

ШЭРЭДЖ муниципальнэ районым и администрацэм и Iэтащхьэ Темиржанов Махьтэ кьыщыпсалъэм кьыхихгъэщхьэхуэкIащ терроризмэм и Iэужьхэр кьэмыгъэхьунымкIэ щIэпэщхьэжьхэр щыIэщ.

ЕуащI, кьэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ органым и кьудамэу Шэрэдж районым щыIэм и лэжьакIуэ щIалэщIэ хэкIуэдащ. Дэ кьаруу дилэр етхьэлIэн хуейщ апхуэдэ хабзэншагъэхэр кьэмыгъэхьуным, щIалэгъуалэр гъуэгу тэмэм тегъэувэным».

ЩIыпIэ самоуправленэм и районым советым и Iэтащхьэм и кьуэдзэ Казиев Анатолий и псальэр нэхъ тригъэщIащ щIэпхьаджащIэ гупхэм республикэм щыIэ щытыкIэр зэхэугъэхьным хуэгъэзэуэ зыхащIыхьхэм. ЩIалэгъуалэр тэмэму гъэсэныкIэ хэкIыпIэ нэхъыщхьэу абы кьигъэльэгъуащ спорт Iуэхум зегъэужьыныр, зэхьэзэхуэ зэмылIэужьыгъуэхэм нэхъ жыIэмыдаIуэу кьалытэ сабийхэр нэхъыбэу кьыхэзэгъэныр. «ЩIыпIэ самоуправленэм и органхэр щыщымыгъуаз щыщIэ тутнакъэщхэм кьикIыжкаэм, условнэу тезыр зытралъхьаэхэм я псэукIэм. Дэ апхуэдэ щIыхуэхэм ди нэIэ ятедгъэтIыну, лэжьапIэ кьаГъуэтыныкIэ защIэдгъэкьуэну ди кьалэнщ», - жиIащ Казиев Анатолий.

ЗэIущIэм хэтахэм зэакьылэгъуу кьаГъэлъэгъуащ щIалэгъуалэм нэхъ жыджэру ядэлэжьэн, щIыхуэм нэхъыбэрэ яIущIэн зэрыхуейр. Апхуэдэу жылагъуэхэм дэс нэхъ щIыху жыджэрхэмрэ милицэм и лэжьакIуэхэмрэ хэту жэщкIэрэ кьуажэхэм щIыхьмакIуэну гупхэр кьыдзэрагъэпэщынущ.

БОЗИЕВЭ Залинэ.

Саакашвили и хьэщIэр

США-м и Къэрал секретарь Клинтон Хиллари дыгъуасэ Куржым кIуащ. ЛъэныкъуитIыр адэкIэ зэрызэдэлэжьнум теухуауэ абы и унафэщIхэм ерсэльэн папщIэ.

Ар ЩIущIэнущ Куржым и президент Саакашвили Михаил, нэгъэущI кьулыкъущIхэм, абыхэм я политикэхэмкIэ мыарэзыхэм, жылагъуэм и лIыкIуэхэм.

Куржым и къэралущIыб Iуэхуэхэмкlэ ведомствэм и унафэщым и кьуэдзэ Джалагание Давид зэрыжиIамкIэ, Клинтон Хилларирэ Саакашвили Михаилрэ нэхъ пасэуи тепсэлъыхьащ Куржымрэ США-мрэ зэрызэдэлэжьэнум теухуа зэгурыIуэныгъэм (хартием) щыщ Iуэхугъуэ пыухыкIахэр гъэзэщIа зэрыхъум.

А щыхьэт тхьытым Iэ щIадзат 2009 гъэм щыщылъэм и 9-м, Саакашвили Вашингтон щыкIуам. Хартием щIегъэбыдэ зыхъумэжьныгъэмкIэ, щынагъуэншагъэмкIэ, экономикэмкIэ, энергетикэмкIэ, демократ зэхъуэныгъэхэмкIэ, дипломатиемрэ щэнхабзэмкIэ США-мрэ Куржымрэ зэдэлэжьэныр.

Мазэмрэ ЩIымрэ

Японием и щIэныгъэлIхэм кьызэрахутамкIэ, Мазэм и щIы щIагъым щIэлъ пкьыгъуэхэр (нантикIэ зэджа хабзэр) дэ ЩIым ейм кьызэрыщхьэщыкI щыIэкъым.

А пкъыгъуэхэр (минералхэр) мазэм и щIы щхьэфэм кьыщыдрехьей кратерхэм я деж. Ар и щыхьэтщ Мазэр кьызэрыпэхуа щыкIэм теухуауэ щыIэ Iуэху епльыкIэр зэрыпэжым.

Японием Мазэр иджыпсту папщIэ иугIыпща «Кагуя» етIуанэ Iэрыщ спутникым оливин минералыр куэду кьигъуащ. Ар ди Щым и мантиеми щынэхьыбэ пкьыгъуэщ. Мазэм и щхьэфэм оливиныр псом хуэмыдэу нэхъ щыбгъэтыр кратерхэм я хьуреягъкIэщ. ЩIэныгъэлIхэм хуагъэфащэ метеоритхэм ар щыкъэхуэм, мантиер пхауду, оливиныр мазэ щхьэфэм нэс кьыдрипхъеяуэ.

ЩIэныгъэлIхэм жаIэ ильэс меларди 4,5-рэ и пэкIэ ди ЩIыр Марсым ещхь планетэ гуэрым жьэхэуа нэужь, абы я кьутахуэу Мазэр кьэуэнэхуауэ.

Тутын ефэжькъым

Германием и Баварие федеральнэ щIыналъэм взэумахуэ референдум щекIуэкIащ жылагъуэ щIыпIэхэм, щхапIэхэм тутын щемыгъэфIным теухуауэ.

Тутын ефэным и бийуэ Iэ яIэтащ процент 61-м; абы и телъхьэхэр процент 39-рэ хьууэ кьыщIэкIащ.

Япэм Баварием тутын ущефэ хъурт кафе щIыкIухэм, пивэ ефапIэхэм. Иджы пивэм и Октоберфест гуфIэгъуэ маухуэми павильонхэм тутын ущефэу ядэжьнукъым.

Апхуэдэу Iуэхур зыгъэгIкIыя законыр кьыхилъхьащ Экологиемкlэ демократ партым икIи абы ар кьыдаIыгъащ социал-демократхэмрэ «удзыфэхэмрэ».

Жылагъуэ щIыпIэхэм, воксалхэм тутын ущефэну хуит зэмыщI федеральнэ законым Германием лэжьэн щыщIидзащ 2008 гъэм щыщылэм и 1-м. Абы ебакъуэм етхьэкъуну хуитщ еврэ мини 5-м нэскIэ.

Баварием а федеральнэ законыр мобр кьыздэсым кьыщыгъэтIэсхьауэ щытат.

♦Литвам Къэралыгъуэм и махуэр щагъэлъапIэ. 1253 гъэм бадзэуэгъуэм и 6-м Литвам и япэ икIи иужьрей пащтыхь Миндаугас пащтыхьыгъуэр зыIэщIилъхьауэ щытащ.

♦Ильэс 225-рэ ипэ США-м и Конгрессым къэралым и лъэпкъ ахьшэм «доллар» фIищащ.

♦1957 гъэм КъБАССР-м и Совет Нэхьыщхьэм и сессие зэхэтащ. Ар техуауэу щытащ Къэбэрдейр езым флэфIу Урысейм зэрыгухьэр ильэс 400 зэрырикъуам икIи республикэм Ленин орденыр етIуанэу къызэрыратам.

ПлаиэтIр зыхьхьэзырыр **ГЪУЩIО Зариф.**

Хьэрычэтыщ Iэхэм я зэпеуэ

АДЫГЕЙ. *Мейкъуэпэ и хьэрычэтщIэхэр республикэ зэпеуэм ирагъэблагъэ. Адыгейм Экономикэ зыужьныгъэмрэ сатумкIэ и министерствэм хьэрычэтыщIэ лэжьыгъэм зегъэужьын мурадкIэ а зэхьэзэхуэр зэхэтхыну.*

АБы ирагъэблагъэ хьэрычэтыщIэ цIыкIумрэ курытымрэ я мызакъуэу, щхьэзакъуэ хьэрычэт Iуэху зезыхьэхэри. ТекIуэхэм мылъкукIэ зыщIагъэкъуэнущ. Нэгъабэ дэтхэнэми сом мин 20 фэепIэ сагъэзэт щыIагъуу иратащ.

Махуэшхуэ тIуащIэ

КЪЭРЭШЕЙ-ЩЭРДЖЭС. *Республикэм и махуэр, КъШР-м щыпсэу льэпкъхэр я зэкъуэтныгъэ махуэшхуэ тIуащIэр бадзэуэгъуэм и 3-м ягъэлъэпащ.*

РАЙОНХЭМРЭ къалэхэмра я творческэ гупхэм Черкесск и ут нэхъыщхьэм цIыхухэм я нэгу зыщрагъэужьащ. Пщыхьэщхьэм сабийхэмрэ социальнэ Iуэхущапlэхэм я гъэсэн ныбжьыщIэхэмрэ дэIыгъным теухуа псапащIэ Iуэху екIуэкIащ.

А махуэм Черкесск пэмыжыжьауэ екIуэкIащ Ипщэ федеральнэ щIыналъэм и спортсмен 80, Украинэм и команди 2 зыхэта, мотокроссымкIэ чемпионат.

Гъавэр Iуахыж

Къэрэшей-Щэрджэсым и хозяйствэхэм бжьыхьэса, гъатхэ я гъавэр гектар мини 52-м къыщрахьэлIэжынущ.

ИДЖЫПСТУКIЭ гъавэр щыIуахыж КъШР-м и Адыгэ-Хьэбзэ, Абазэ куейхэм я хозяйствэхэм. Республикэм и мэкъумэшыщIэхэм бжьыхьэсэ гуэдзыр гектар мин 37-м, рапсыр гектар мини 2,5-м щызэпIакъуэжыну къатепащIащ. Мэкъумэш хозяйствэмкIэ министерствэм и къудамэм и унафэщI Пронозэ Николай къызэритамкIэ, абы трагъэкIуэдэну дизель гъэсыныпхъэр мы гъэм процент 10-кIэ нэхъ пуду зыIэрагъэхьэну Iэмал яIэщ.

УЭРДОКЪУЭ Женэ.

Лъэпкъ Iуущыгъэ:

Дахэм къимыхь Iейм къихькъуэм.

● Хъуэхъу

Апажэ Мухьэмэд нобэ дрогушхуэ

Балдзэуэгъуэм и 5-м и ныбжьыр ильэс 80 ирикъуащ филологие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академием и академик Апажэ Мухьэмэд Iэкъумэн и къуэм.

ДИ РЕСПУБЛИКЭМ и мызакъуэу, къэралым и щIыпIэ куэдым хуэфащэ пщIэрэ щIыхьрэ щагъэтащ Апажэм и къалэмыпэм кьыпыкIа къэхутэныгъэ дэжьыгъэ купщIафIэхэм. Псальалъэ зэмылIэужьыгъуэхэр зэхэльхьэн, джын и льэныкъуэкIэ филологием хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIа, щIблэм щIэныгъэ куурэ гъэсэныгъэ тэмэмрэ егъэзыгъуэным зи кьарурэ зэфIэкIрэ езыхьэлIа а щIэныгъэлI щыпкъэм и лэжьыгъэм и хьер илъагъуу, и гурылъхэмрэ мурадхэмрэ зэтехуэу, ирихьжьа Iуэхуфlхэм кьыпыщIэн гъэснэхэмкIэ кьулейуэ и гъащIэ гъэзуанэм пищэну ди гуапэщ. Бзэ щIэныгъэм Апажэ Мухьэмэд и щIэмрэ щIыхьмрэ нобэ ирогушхуэ адыгэ льэпкъыр, и къужэгъуэмрэ кьыдальхуахэмрэ.

ЩIэныгъэлI пажэм и акъылымрэ щэнымрэ пщIэхуэщIу, дэри дохьуэхьу иджыри ильэс куэдкIэ узышIэу зыкъуэтащ.

ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академием, Къэбэрдей Адыгэ Хасэр, «Адыгэ псалъэ» газетыр.

Щыналъэхэм щекIуэкI псалъэмакъхэм мыхьэнэшхуэ яIэщ

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.)

СыэрыщыгъуаэзмкIэ, инвестицIэ дым къыхэкI ахъшэкIэ е псэрахыкIрэ хърычэтыщIэхэмрэ я мылькукIэ ягъэзэщIэфыну проектхэр эрэгъэпэщыну республикэм къыщыхуагъэльэгъуам КъБР-м хэIуцIыIу ищIащ сом мелард 300-м щIигъу зытекIуэдэну проекту 150-рэ хуэдиз. А псомэ я фIыщIэкIэ пэжыапIэ Iэнатlэу мин 50-м нэблагъэ кьыщэIуахыфынут, Мис ахэрщ ди конференцIэр мы республикэм щагъэнэкIуэжыну щыIеуахуар. Дэ дыщогугъ мы псалъэмакъым Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым и адрей субъектхэри якъыхьыжу. Ди зэгъущIэр къыщыгъэIутхым ирихьэлIэу къытIэрыпхьахэм ящыщщ КъБР-м и бгылъэ щыпIэхэм щыIэ курортхэм зегъэужьыным, КъШР-м ГЭС щыухэуным, Ингушым узынишагъэр щрагъэфIакIуэ физкультурэ комплекс щыщыным, Шэшэн Республикэм щыдагъэзыжьыкIэ компаниер кьащыщэIухьыным ятеухуа проектхэр. Ставрополь краймэ индустриальнэ кластерым, Осетие Ищхъэрэ-Аланием мэкъумэщ кластерым зрагъэужьыну я мурадщ. Зэрыфлъагъущи, проектхэр мащIэкъым икIи абыхэм я ящыщу нэхъ гъэщIэгъуэныгъэ кьыщэрыуэтыным дыхуэIэкъунущ.

Ущlэр: Конференцым кьыщыхалъхьэнущ лэжьапIэ Iэнатlэщ къыщэIуэхьынымкIэ, цIыхухэм я хэхьуэхэр кьэIэтыным-кIэ сэбэп хьуну инвестицIэ проекту щIы бжыгъэхэр. АтIэ щIыналъэхэм зэрадзIэпыкъу щыкIэр нэхъ пыухыкIауэ, мурад хэхахэм яхуэзэпэуэ зэтрагъэуэфыну?

Грызлов: Шэч хэмылъу. Нэхъыщхьэ дыдэр арщи, мурадхэр, проектхэр дэ кьэхэтлъхьэу пхыдгъэкIыну дыхуэщIэкъуркъым, атIэ я щыналъэхэм жаIэм дедаIуэмэ нэхъ кьыдоштэ. Езы щыналъэхэм нэхъыфIу кьащыгуроIуэ промышленностым, мэкъумэщ хозяйствэм зегъэужьыныжмкIэ щыIэ хэкIыпIэхэр зыхуэдэр. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, проектхэм яхэтщ щэнхабзэ уиэтIыныгъэ зиIэхэри: театрхэр, киноконцерт залхэр, клубхэр, иджыдрей кинотеатрхэр щыныр. Аращи, а проектхэм дытепсэлъыхьрэ нэхъ зыхуэфащэхэр кьыхэтхэ гъэзэжьынымкIэ «Урысей зэкъуэт» партre правительствэри дэIэпыкъуэгъу хьунущ, финансхэр къыщэрыщэрагъэпэщыну щыкIэри пыухыкIауэ ягъэбелджыльынущ. Зэрыгурыпыуэгъуэщи, ахъшэр федеральнэ бюджетми, республикIэ бюджетми, унеи мылькуми кьыхэгъэкIынущ.

Ущlэр: Конференцыр КъэбэрдейБалъкъэрым зэрыщрагъэкIуэкIыр ди республикIэ и зыужьыныгъэкIэ Кавказ Ищхъэрэм щыпэрыту зэрекIуэкIынум и щыхьэту къэплъытэ хьуну?

Грызлов: Хьэуэ, ар тэмэм дыдэкъым, ауэ дэ зэхуэсыпIэ дагъуэ кьыхэтхащ. Дэ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым и субъект псори кьыдэхьоклIухьри, иджы КъэбэрдейБалъкъэрым и чэзуэр кьэсащ. Сыт ды республикIэр кьыхэзгъэщхьэжу ягъэхьэзыращи, абыхэм Кавказ Ищхъэрэм и республикэ псоми щытепсэлъыхьынущ.

Ущlэр: Зэрыщыту Урысей Ипщэми, хэхуэу Къэбэрдей-Балъкъэрми я дежкIэ зэхуэсыгъэ ищIащ сом мелард щыщ дунейпсо терроризмэр кьыкъэдэкъуэныр. А щIэпхъаджагъэм ебэныным и лъэныкъэкIэ законхэр кьыдэзыгъэкIхэм сыт зэфIагъэкIрэ?

Грызлов: Пэжщ, ар икъукIэ Iуэхушхуэщ. Терроризмэм и Iэужьхэр Кавказ Ищхъэрэмми, Москва кьалэми, Урысеи и адрей кьалэхэми кьащIоуэ. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, терроризмэр кьыжьэдэкъуэным хуэгъэпса законопроектхэр гъэхьэзырыным, кьэщт эныи депутатхэм якъарушхуэ ирахьлIэ. А документхэм гульитГэ хэха щыхуэщI ищхьэкIэ кьыщыгъэльэгъуа щIэпхъаджагъэм хуэдэкъэзылэжьхэм яхь жэуапкIэ гъэткIиныным. Апхуэдэ законопроект зыбжанэм дыхэпIуэри къэтщащ икIи абыхэм кьары ягъуэтащ. Иджыпсту нэхъ хэхауэ зэгупсысыпIхэр террористхэр ахьшэкIэ кьызэрэгъэпэщхэм я Iухупщ. Абыхэмэ куэдкIэ нэ хъ ткIийуэ ябгъэдыхьэнущ. Ар оловнэ кодексыр гъэтэмэмыным и лъэныкъэкIэ абы мыхьэнэшхуэ иIэщ. Къэтщтэнщ, псалъэм папщIэ, мыпхуэдэ щапхъэ. Щыхуэм езым и автомашинэр щиткIэ, абы дэтIысхьэм зэхэщIыхьынур имыщIэнкIэ мэ хъу, ауэ мурадыфIкIэ Iимыхьыгурыщхьэ ищI щхьэкIэ, абы и транспортыр кьыдэрагъэсэбэпам кьыхэкIыну тетыр трагъэхьэркъым. Ар тэмэмкъым. Апхуэдэ кьабэзщ языныкъуэ фирмэхэм я расчет счетхэр кьагъэсэбэпыну хуит щащIкIэ транзиту зэрагъакIуэ ахъшэр кьыздикIымрэ здэкIуэжымрэ зэрыкIэльыкIыпIыр. Мыри кьуаншагъэ хуэдэкъым, ауэ уегупсысыстэмэ, ахэр тэмэмкъым икIи апхуэдэ Iуэху псоми зэрыбгъэдыхьэпхэр закъонкIэ гъэбелджыльын хуейщ.

Ущlэр: Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округ кьыхэзгъэзэрагъэпэщам, кьызэрыслъытэмкIэ, мыхьэнэшхуэ иIэщ. УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым кьагъэкIуа Хлопоник Александр Геннадий и кьуэм ятеуэ мазэхэм кьриубыдэу зэфIигъэкIахэм кьагъэльагъуэ лэжьыгъэ псори нэхъ пыухыкIа икIи убыхуэ зэрыхъуар. Абы Урысейм и Правительствэм и вице-премьерым и кьулыкъур зэдэхьри, дэтхэнэ Iуэхури нэхъ гъэхуауэ зэтригъэувэну, дигъэкIыну, Iэмал иIэщ. Кьалэн псори зэпыщIащ икIи зытеухуар зыщ - зэрыщыту Кавказ Ищхъэрэм зегъэужьыныгъэ яIэщ. Мыр зэхэту а махуэм ягъэпэжащ ГАИ-м и лэжьакIуэ 200-м нэблагъэ.

Зи махуэшхуэр зыгъэльапIэхэм псалъэ гуапэхэмкIэ зыхуагъэзащ КъБР-м и Президентым и Iуэхуэхэр зегьгъакIуэ **Къалэ Замир**, «КБ-Регион-07» журналым и редактор нэхъыщхьэ **Гергоков Руслан** сымэ.

ЗэIущIэм и кIэухым къызэхуэсахэм зи кьалэн зыгъэзащIэу къэкIуэда ГИБДД-м и лэжьакIуэхэм я фэеплъым щэ, зы хабзэ фIэкIа щыIэн хуэмейуэ бгъэув хьунукъым. Щыпльэр лъэпкъыбгу, дэтхэнэми и динрэ и щэнрэ иIэжу зэрыщытыр ар хьэлэмэтщ, нэхъыщхьэр зыэхащIыкIынырщ, мамырыгъэрщ, фIыр тепщэу щытыныр... - жиIащ Раиса.

КъБР-м и цIыхубзхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщIэ **Шорэ Раисэ** щIэблэм гъэсэныгъэ зэпыщIа яфIэдэлъхьэн зэрыхуейм, ар псоми япэу унагъэуэм къызэрыщIежьэм тригъэзыщIащ.

- Сабиим и гъэсэныгъэр и чэзум унагъуэм щызэфIэмыувэмэ, щкольнэ къэрал, жыпагъуэ Iэнатlэхэри абыкIэ дэIэпыкъуэгъу хуэфащэкъым. Льэпкъ, дин зэпэщIэтныгъэм Хэбзэфдей-Балъкъэрым льабжьэ щIидзащ, - жиIащ Раиса. - Мыри кьыхэзгъэщынут: зэуэнэIэджагъу льэпкъ зэхуэсхэм я цIыху цIыкIуэ зэрыIуэзэгъ, щIэныгъэлIу, кьулыкъущIэу кьахэкIаxэр щыIэт. АрщхьэкIэ, абы тIэкIу я IыхьлэхэмрэгуГуэхьэхэм кьыщытеувыIэрхьым, ахэр зэфIэхыным я хэкIыпIэхэм гульытэ щыхуащIыркъым.

УАРДЭ Жантинэ.

● ЗэIущIэхэр

ФIыр тепщэу щрет

Iэщэкъэ зэщIэуэзда щIэпхъаджащIэ гупым щыщу къэралым къыщалъхьэхэр убыдыным, хабзэнщагъэкIэ зэрахьэ Iэщэр кьатехыным, дин экстремизмэр къыщэпльыдыным, абы щагъэлъэлъэр демыгъэщхьыным я лъэныкъэкIэ хабзэхъумэхэм зэфIагъэкIхэм теухуауэ щытащ Къэрал кIуэцI IуэхуэхэмкIэ министерствэу КъБР-м щыIэм щекIуэкIа зэIущIэр.

РЕСПУБЛИКЭ МВД-м и криминальнэ милицым и унафэщIым и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIа **Бэрсэдж Анатолэ** зэрыжиIамкIэ, мэкъуаугъэуэ мазэм хабзэм къыщыхуагъэзащIа Фундаментальнэ зэрагъэкIуэкI Iэрыщ къаГауэ Iэмэпсымэу 12, кIэрахъуэу 23-рэ, гранатэдзу 2, гранатэ 26-рэ, Калашников автомату 7, шэуэ мини 3,5-м щыIэу къытракащ.

Бахъсэн кьалэм къыщыдахьащ. СВУ-хэр щагъэхьэзыр лабораторэ. Абы къыщагъэзащ. Iэрыщ къаГауэ Iэмэпсымэ 12. Абыхэм щыщу 1-р щIыпIэщхуэм хуэщIа лъэщагъэ ин зиIэт. А кьалэм кьыщыхуэда зыбжанэ я IэдакъэщIэкIыу хуагъэфащэу цIыхуи 2, СВУ-хэр зыгъэзIэпхъуэхэм япыщIауэ кьалытэтэ цIыху зыбжанэ ябудящ.

Милицым и полковник Бэрсэджым къызэригъэлъэгъуащи, КъБР-м щыпсэу, Iэщэкъэ зыщIэзыпхъуэда щIэпхъаджагъэ 38-рэ кьалытхьуэ - 10-р дуней псом, 28-р къэралым. Абыхэм ятеуха хъыбархэр кьаIэрохъэ икIи ахэр къэхутауэ убыдыным ехьэлIа лъэныкъэхэр ирагъэкIуэкI. Апхуэдэуэ хабзэхъумэхэр а бзаджащIэхэм я унагъуэхэм ядолажьэ, шэч зыхуащIэкъэ езыхэм я фIэфIныгъэкIэ кьекIуэлIэн папщIэ.

- ЩIэпхъаджагъэм, экстремизмэм пыщIа гугъуехьэхэр хабзэхъумэ Iэнатlэхэм я закъуэкIэ зэфIэхуа хьунукъым. Ди цIыхухэм я хуитыныгъэ зэхащIыкIым зегъэужьынымкIэ. Абы и лъэныкъуэкIэ щIэгъэкъуэнышхуэ хьуфынущ прессэр, жиIащ Бэрсэдж Анатолэ. Апхуэдэуи кьыхигъэщащ кьагъэуэхэм, укIыгъэхэм теухуа хъыбархэр СМИ-хэм зэпыщIащ зэрызэбграгъэхьыр, ауэ щIэпхъаджагъэхэр кьызэрыщIагъэщIыну зэрызэбграгъэхьыр, щIыуэ зэрыщIэ пэкIухэр кьызэгъэпэщынымр кьызэремыкIыр. Абыхэм сэбэп зыхэлъ Iуэху кIэрикIуэн папщIэ, жылагъуэр, псом хэмыдэу щIалэгъуалэр кьешэлIэн, абыхэм уэхэхын хуейщ. Иджыблагъэ Абхъаз утым щызэхащиа апхуэдэ Iуэхугъэм, кьызэгъэпэщакIуэхэм кьищынэмыщIа, щыуауэ зы цIыху кьрихьэлIакъым. «Диныр щыщIэр цIыхум кьыкъуэкI мыхъумыщIагъэхэм пэщIэтын папщIэщ. УкIыгъэ абы и Iэмалкъым. Зы дин, зы льэпкъ, зы хабзэ фIэкIа щыIэн хуэмейуэ бгъэув хьунукъым. Щыпльэр льэпкъыбгу, дэтхэнэми и динрэ и щэнрэ иIэжу зэрыщытыр ар хьэлэмэтщ, нэхъыщхьэр зыэхащIыкIынырщ, мамырыгъэрщ, фIыр тепщэу щытыныр... - жиIащ Раиса.

КъБР-м и цIыхубзхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщIэ **Шорэ Раисэ** щIэблэм гъэсэныгъэ зэрыхуейм, ар псом япэу унагъуэм къызэрыщIежьэм тригъэзыщIащ.

- Сабиим и гъэсэныгъэр и чэзум унагъуэм щызэфIэмыувэмэ, щкольнэ къэрал, жыпагъуэ Iэнатlэхэри абыкIэ дэIэпыкъуэгъу хуэфащэкъым. Льэпкъ, дин зэпэщIэтныгъэм Хэбзэфдей-Балъкъэрым льабжьэ щIидзащ, - жиIащ Раиса. - Мыри кьыхэзгъэщынут: зэуэнэIэджагъу льэпкъ зэхуэсхэм я цIыху цIыкIуэ зэрыIуэзэгъ, щIэныгъэлIу, кьулыкъущIэу кьахэкIаxэр щыIэт. АрщхьэкIэ, абы ящIэ я IыхьлэхэмрэгуГуэхьэхэм я Iыхьлэхэм я гугъуехьэхэм кьыщытеувыIэрхьым, ахэр зэфIэхыным я хэкIыпIэхэм гульытэ щыхуащIыркъым.

УАРДЭ Жантинэ.

● ЩIэныгъэ

Зэхыхьэр щекIуэкIым.

ЩIэныгъэхэмкIэ Урысей Академием и щIыналъэ кьуламу Къэбэрдей-Балъкъэр ЩIэныгъэ Центрым прикладной математикэмрэ информатизацэмкIэ и щIыныгъэ-къэхутакIуэ институтым, Щих Охридский Климентым и цIэр зэрихьэу Софие кьалэм (Болгарие) дэт университетым, ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академием, РАН-м и Астрофизикэ обсерваторэ КъБР-м щыIэм зэгъусэу кьызэрагъэпэща дунейпсо щIэныгъэ зэхьэхьэнхэм я УIэ зэхуэсэ Математикэмкl щIэныгъэлI ныбжьыщIэхэм я ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академием, РАН-м и Астрофизикэ обсерваторэ КъБР-м щыIэм зэгъусэу кьызэрагъэпэща дунейпсо щIэныгъэ зэхьэхьэнхэм я УIэ зэхуэсэ Математикэмкl щIэныгъэлI ныбжьыщIэхэм я УIэ зэхуэсэр мэкъуаугъуэм и 25 - 30 махуэхэм екIуэIащ.

«УРАВНЕНИЯ смешанного типа и родственные проблемы анализа и информатики» зыфIащ щIэныгъэ симпозиумым и лэжьыгъэр зыубгъэ Iыхьэр, Прикладной математикэмрэ информатизацэмкIэ институтым и пэщыщхуэм щыIэхэтар, кьызэIуихащ икIи иригъэкIуэкIащ ЩIДАА-м и президент, физикэ-математикэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор **Нэхущ Iэдэм** Урысейм и щына-лъэхэм, хамэ къэралхэм, СНГ-м хыхьэ хэгъэгуэхэм щыщ щIэныгъэлIхэу зэIущIэм кьрихьэлIаэхэр зэрригъэщIыхуа иэщхь, абы псалъэ иритащ Софие кьалэм (Болгарие) дэт университетым и профессор, симпозиумым и кьызэгъэпэщакIуэ гупым и унафэщI гуэгъу **Попиванов Недю**.

- Уи гъащIэм щыбгъэнэхьапэу, уи зэфIэкIри уи акъылри зыхуэбгъэлажьэ щIэныгъэ Iуэхум и мыхьэнэр ин зыщIар абы кьыпызыщIн щIэблэ кьыщыпкъуэурэр, - жиIащ Попиванов Недю. - Нобэ щIэныгъэлI ныбжьыщIэу кьызэхуэсам сахоплъэри, математикэ щIэныгъэм къэкIуэн дахэ зэриIэр си фIыщ мэхъу. ЕхьулIэныгъэшхуэхэр щIэныгъэм щывиIэну сынывохьуэхьу.

АдэкIэ кьэпсэлъапIэм кьрагъэблэгъащ РАН-м и КъБЩIЦ-м и унафэщI, РАЕН-м и академик, профессор **Иуан Петр**.

- Нобэрей зэхьэхьэм кьызэрымыкIуэу мыхьэнэшхуэ иIэщ, сыту жыпIэмэ, щIэныгъэ къэхутэныгъэхэмрэ лэжьыгъэм и пIалъэкIэ зэхъуэжьным и мызакъуэу, апхуэдэ зэIущIэхэр гукъинэжщ, абыхэм хэтхэри зэроцIыху, щIэныгъэкIэ щIыпIэм и дахагъэхэм я IуэхущIэ Iуэху кьиныжьэ зэпыщIэныгъэхэри ягъэбыдэ, щIыхухэр зэныбжьэгъуэещI, - кьыхигъэщащи Иуаным.

Симпозиумым хэтхэм фIэхъуэ псалъэкIэ зыхуагъэзащ КъБР-м Егъэджэныгъэрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм и лэжьакIуэ **Рахаевэ Ларисэ**, профессорхэу **Раджабов Нусрат** (Таджикистан), **Айрапетян Грачик** (Армение), **Назаралиев Магомед**, (Дагъыстэн), **Алиев Алихьан** (Азербайджан), **Килбас Анатолий, Солдатов Алексей** (Белоруссие), **Сабитов Камал** (Урысей, Стерлитамак къ.), **Кожанов Алексей** (Новосибирск къ.), **Эжбэ Январбий** (Абхъаз Республикэ) сымэ, нэгъуэщIхэри.

ЩIэныгъэ зэхъхьэм и лэжьыгъэ гъэпсыкIэм къызэуэсахэр щыгъуазэ ищIащ Прикладной математикэмрэ информатизацэмкIэ институтым и щIэныгъэ секретарь **Энеевэ Лянэ** Абы зи гугъу ищIам тету, зэIущIэм пленарнэ Iыхьэкъ Iэпыщащ. КъаIэта Iуэхугъуэхэм теухуауэ жаIэр зэфIэкIри, шэджагъуэ нэужым конференцым хэтахэр КъШР-м хыхьэ Хьэбэз къуажэм и Iущ, Арат щекIуэкIыну Математикэмкl щIэныгъэлI ныбжьыщIэхэм я VIII зэхуэсыр, а симпозиумым хэту къызэрагъэпэщар.

«Нелокальные краевые задачи и проблемы современного анализа и информатики» зыфIащ щIэныгъэ зэIущIэр къызэрагъэпэщащ Фундаментальнэ къэхутэныгъэхэмкIэ Урысей фондым и дэIэпыкъуэгъуэкIэ. Конференцым и гъэжьагъэм къриКIуаxэм щыщу кьыхэзгъэщыпхъэщ къызэрэпэщащ Iуэгупым хэта къэпщытакIуэхэм математик ныбжьыщIэхэм я тхыгъэ нэхьыфIу 50 къызэрыхахар (абыхэм елэжьащ щIэныгъэлI пIалъэхьэ зэхъуэжным и мызакъуэу, апхуэдэ зэIущIэхэр гукъинэжщ, абыхэм хэтхэри зэроцIыху, щIэныгъэкIэ щIыпIэм и дахагъэхэм я IуэхущIэ Iуэху кьиныжьэ зэпыщIэныгъэхэри ягъэбыдэ, щIыхухэр зэныбжьэгъуэ ещI, - кьыхигъэщащи Иуаным.

Симпозиумым хэтхэм фIэхъуэ псалъэкIэ зыхуагъэзащ КъБР-м Егъэджэныгъэрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм и лэжьакIуэ **Рахаевэ Ларисэ**, профессорхэу **Раджабов Нусрат** (Таджикистан), **Айрапетян Грачик** (Армение), **Назаралиев Магомед**, (Дагъыстэн), **Алиев Алихьан** (Азербайджан), **Килбас Анатолий, Солдатов**

ЕтIанэгъэм зыхуагъэхьэзыр

Къалэн гугъу

● Щапхъэ

ГИБДД-м и лэжьакIуэхэу зи къалэн зыгъэзащIэу хэкIуэдахэм я фэеплъым дж.

Урысей МВД-м Гъуэгуэм щынагъуэнщэу щыгъэкIуэнымкIэ и къэрал Iуэхущ Iапп Iэр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 74-рэ зэрырикъур щэбэт кIуам ягъэлъэпIащ. КъБР-м щыIэ МВД-м и УГИБДД-м ижь зэманым зэфIэувэ щытыкIэр къалъытэри, зэхьыхьащхуэ ирагъэкIуэкIакъым. IуэхущIапIэм и бжьIупэм щызэхуэсар къэралым щыпсэу щыIэ махуэ ямыIэу езыхьэкI, я кьулыкъум къыщыхэжаныкIа я лэжьакIуэхэрщ. Зи махуэшхуэр зыгъэлъапIэхэм ехъуэхъуну къэкIуат къэрал кIуэцI Iуэхуэхэмкlэ министру КъБР-м щыIэ генерал-лейтенант Томчак Юрий.

Томчак Юрийрэ Къудей Арсенрэ удз гъэгъахэр тралъхьэ.

КъБР-м щыIэ МВД-м и УГИБДД-м и унафэщI милицэм и полковник **Къудей Арсен** зэIущIэр кьызэIуихри, УФ-м Федерацэмкlэ и Советым хэт Федоров Владимир, Урысей МВД-м и ОБДД-м и департаментым и унафэщI милицэм и генерал-полковник **Кирьянов Виктор**, къэрал федеральнэ инспектор нэхъыщхьэу КъБР-м щыIэ **Вербицкий Адексей**, ШэшэнРеспубликэм и Правительствэм, «Кавказ Ищхъэрэ» гъуэгуэхэмкIэ управленэм», Налшык кьалэ администрацэм кьабгъэдэкIыу кьыхуагъэхьа махуэшхуэ хъуэхъхъэм кьызэхуэсахэр щыгъуазэ ищIащ.

- Фэ фщыщ дэтхэнэми жэуапныгъэ зыпылъ кьалэм ирехьэкI. Ди жагъуэ зэрыхъущи, хабзэхъумэ Iэнатlэм пэрытхэм хэщIыныгъэ яIащ. Мы гъэм я пщэрыльягъэзащIэу хэкIуэдахэм фи лэжьакIуи яхэтщ, - жиIащ Томчак Юрий икIи абыхэм я фэеплъу зы дакъикъкIэ зэтещымащ. - Урысей милицэм и унафэщI армэм и генерал **Нургалиев Рашид** я махуэшхуэм и пэ кьихуэу иригъэкIуэкIа зэIущIэм гъуэгум шынагъуэншэу щызекIуэнымкIэ я зэгъэзыгъэпэщхэм псалъэ гуапэ зэрахужиIар, ветеранхэм гулъытэ зэрахуищIам нужькIэ кьытеувыIащ.

АдэкIэ, Урысейм къэрал кIуэцI Iуэхуэхэмкlэ и министр Нургалиев Рашид, Урысей МВД-м и ОБДД-м и департаментым и Iэтащхьэ Кирьянов Виктор, республикэ милицэм и унафэщI Томчак Юрий сымэ ящыгъэдэкI медалхэмрэ бгъэхэIу дамыгъэхэмрэ, щIыхь, фIыщIэ тхылъхэр зи къалэныр кьэмыдэнджэжу езыхьэкI лэжьакIуэхэм ипратащ. Къалэн псори зэхэту а махуэм ягъэпэжащ ГАИ-м и лэжьакIуэ 200-м нэблагъэ.

Зи махуэшхуэр зыгъэльапIэхэм псалъэ гуапэхэмкIэ зыхуагъэзащ КъБР-м и Президентым и Iуэхуэхэр зегьгъакIуэ **Къалэ Замир**, «КБ-Регион-07» журналым и редактор нэхъыщхьэ **Гергоков Руслан** сымэ.

ЗэIущIэм и кIэухым къызэхуэсахэм зи кьалэн зыгъэзащIэу къэкIуэда ГИБДД-м и лэжьакIуэхэм я фэеплъым удз гъэгъахэр тралъхьащ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.
Сурэтхэр **ХОЛЛАЕВЭ Марзиет** *тIрихащ.*

Махуэшхуэм кьрихьэлIахэм сурэт зытрагъэхащ.

● Профсоюзэр

КIуэ пэтми

Иджыблагъэ Москва щызэхэтащ Урысейм и Профсоюзхэм я федерацэм и 6-нэ зэхьэхь.

АБЫ КЪЫЩIАIЭТА Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм япкъ иту Налшык щрагъэкIуэкIыжащ егъэджакIуэ хэмрэ щIэныгъэрыплажьэхэм рэ я кьалэ профсоюз комитетым и зэIущIэ. Абы хэтащ Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ кьалэ департаментымрэ Налшык дэт курыт еджапIэхэмрэ я лIыкIуэхэр.

Комитетым и унафэщI Зэлэджыр Татьянэ хьыбар кьыдэзрыдигъэщIамкIэ, зэIущIэм кьыщаIэта Iуэхугъуэхэм ящыщщ класс зэнафэщIхэм ирагъэкIуэкI лэжьыгъэм, методикэ литературэ кьрыращэхуным пэкIуэу иратын хуей ахьшэр мы илъэсыр кьызэрихьэрэ зэрагъэрымыкьар. Кьалэ комитетым и унафэщIым а Iуэхум теухуауэ жиIащ ахьшэр кьызэрауэтIыпщар икIи ар егъэджакIуэ хэм кьанэ щымыIэу иджы кьызэрыратыжынур. ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ щIыхухьу егъэджакIуэхэм школхэр кьызэрымыкIуэну, улахуэм хамыгъахъуэмэ, кьэраным егъэджакIуэхэм нэгъуэщI гуэркIи закъыщIмыгъакIуэмэ, мы Iуэху кIуэр пэми нэхъ Iей зэрыхъунур.

ЕджапIэхэм я унафэщIхэр хэту профсоюз комитетым кьызэригъэпэща совет тым дяпэкIэ щыIэпкьрахынущ егъэджакIуэхэр мы зэманым зыгъэпейтей Iуэхугъуэхэр.

ЛЪОСТЭН Музэ.

● Iуэху щхьэпэ

«АнэфIым деж кIуэ письмо»,

е Зауэм хэкIуэдахэр интернеткIэ кьызэрыпльыхьуэнур

Мыпхуэдэ псалъащхьэ иIэу Псыгужку щыщ Къушхъэ Хьэзрэт фронтым кьригъэкIа письмор нужьрейт. Лыгъэ зэхэзгъэкIыпIэм ихуа сапер батальоным и командир лейтенант нэхъыжь ди кьуажэ щIалэр зауэм хэкIуэдащ. Абы щыхьэт тохьуэ интернетым ит материалхэр.

ХЭКУМ и щхьэхуитыныгъэм щхьэкIэ зи псэр зыта ди сэлэтхэм ятеуха тхыгъэ куэд ущрихьэлIэнущ интернетым. Псалъэм папщIэ, зи щхьэгъусэхэр хьыбарыншу кIуэда фызабэхэм я письмохэм, ди щIалэхэр щыхьэIуда щIыпIэмрэ зэманымрэ щыхьэт техьуэ тхылъхэм, фронтым кьикI письмохэм, уэгъэ хъуахэм, хьыбарыншу кIуэдахэм, гъэрыпIэм щаIыгъакъым, щэ, мин бжыгъэхэр зыгъэпщкIуэ кьуэцыкхьэхэм щIэлъхэм я унэцIэхэм, фмрэ кьунщхьэмрэ хуэкIуа ди зауэлI измыщIуэм исахэм я сурэтхэм, нэгъуэщI куэдми. Дауэ-тIэ кьызэрыпльыхьэнур уи Iыхьлыр?

Ягъэ, кьызэралыхьуэ системэхэм щыщу Яндекс (**www.yandex.ru**) напIэкIуэцIыр кьызэIубох. КъыкIэльыкIуэу «Мемориал» псалъэр ибох. А псалъэр хэту кьехыу ит пунктхэм ипэ дыдэу итщ «Проект Минобороны РФ по систематизации учетных данных и документ-

Льэпкъхэр зэкъуегъэувэ

● Щэнхабзэ

Осетие Ищхъэрэ-Алание Республикэм и Ираф муниципальнэ районым щекIуэкIащ «Мы братству нартов сказ слагаем» зыфIащ зэIущIэ дахэ. КъБР-м Хьыбарегъащ Iэнатlэхэмкl. Жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьхьэнымрэ щIалэгъуалэ IуэхуэхэмкIэ и министр Пащты Борис зи пашэ гупым гъунапкъэм дежь щыгъу-пластэкIэ хэгъэрейхэр кьащыпежьащ. ХьэщIэхэм псалъэ гуапэхэмкIэ зыкьыхуагъэзащ Осетие Ищхъэрэ-Алание республикэм жылагъуэ зэпыщIэныгъэмкIэ и министр Касаев Таймуразрэ район администрацэхэм я Iэтащхьэхэмрэ.

Нэхъыжьхэм кьащIэна хабзэфIэхэр, зэгъунэгъуэ псэу льэпкъхэм яку зэгурыIуэрэ зэныбжьэгъугъэрэ зэрыдэлъыр льабжьэ зыхуащIа театр теплъэгъуэхэр махуэшхуэм щагъэзащIэу. Уэрэдэмрэ кьафэ хэмкIэ гъэнщIауэ щыта концертым хэтащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ щыхь зиIэ и лэжьакIуэ, уэрэджыкIу я Ульбашев Анзор.

Мы Iуэху дахэм хэтахэм къызэралытэмкIэ, зэгъунэгъу республикэхэм щыпсэу цIыхухэр мыпхуэдэурэ зэхуэзэнымк льэпкъхэр зэкъуегъэувэ, ахэр мамыру, е ехьулIэныгъэ яIэу зэдзгъыгурыкIуэнымк льабжьэ быдэ хуэсакъ.

БОЗИЙ Залинэ.

Адэжь щIыналъэм сотхыр и сурэтхэр

Усакlуэ Къат Фейсал
(1943 - 2009 гъг.)

Къат Фейсал и тхылъым и жинтыр.

КЪАТ Фейсал и тхыгъэхэр

Махуэ блэкlахэм... я пщэдейр

Ущызбгынэм зэрыгъэхъащ си гур,
Гукъеуэр итlысхъащ
Си лъахэ хьытlыгум.
Къысхуэнэжар пшынэдыкъуакъуэм
И закъуэщ,
Згъэбзэрабзэу
Къизгъэкlыу губзэ.
Жыг щхьэкlэм фlэтъ абгъуэм
Нэфу исщи зы бзу,
Согъей -
Жьапщэм иху хьэндырабгъуэр,
Махуэ блэкlахэм
Къахуэмыкlуа я пщэдейр.

Хэхэс лIыхъужь уэрэд

Зрелъэфыхьыр гукъеуэм,
Жэщым тфIеубыд зэман лей,
Гуэнщl гупсысэр къыстеуэу,
Къалэм сыщохьэулей.
Щхьэр есхьэлIэну жэщыбгым
Къэзгъуэтыфащ зы нэрыбгэ,
Си Iэфlи, си дыджи мыпагэу
Щызднгушыну и унэм.
Зыри къихьыжьхым си нэм,
Зыри къэмынэу,
Iэпкъгъэпкъым нэмыщl,
Си псэм мыбдеж зыщеунэщl.
Iупщlу къыхэщу цlыхубзыр,
Мыбдежьым къыщопсыр Мазэр,
Дэнэкlи уэшхщ, жэщщ, гуIэщ,
Пхыпгъыпгэ гуэри щымыIэу.
Псалъэфlри гугъэфlри жыг пщlанэу
Къыщlэнэжьнущ мы унэм.
Псори ихьынущ
Гъуэжькуий къыкъуэунум.
Гъуджэм сиплъэнурэ сыкlуэнущ
Сэ а цlыхубзым и унэм.
Сызэпгъыжмэ, зэщхьыр си теплъэр
Хеиуэ ящlынурщ щхьэпытъэ.
Хэхэс гъащlэр жкlыкl,
Мэбагъуэ,
Къызбгъэдокlуатэри нэхъ Iэгъуэу,
ЗрешытIылIэ си нэкIуэм.
Си гур уэ ун гурщ щынэкlур,
Ун нэри схуокъур унэ,
Хамэщым сису сыкъонэ,
ЯтIэ бдзапщэм сыхэнэу,
Дауэрэ ищlми, си нэм,
Къыхуэгъуэтыжкъым си унэр.
Си жьэгупащхьэм секlуэлIэжыну
СIъэмыкlыу, хамэщым сыкъонэ.
Сыту хьэтъащэ гъуэгур,
Умыгъуэтыжмэ уи жьэгур!
Щызимыlэжу унэ,
Мы щыгум сыкъытранэм,
Сыт зыхуэхъунур щхьэпэ,
Хэтн щыхъуну гуапэ
Къысфlежьхыжу нэпсыр,
Побэ сэ стхыхьэр уэзу?!
Фlыуэ сlъэгъуаэм я нэхэр
Жьыкъэмэ къызыщlэпlъ унэхэр?!
Нобэкlэ си гурщ си унэр,
Гъуэгум сызэрелъыр ун нэрщ.
Хамэщым зыщызгъэну,
Къэсlъагъуэхэр зыщlефыр си нэм.
Си псалъэм зызогъэунэщыр,
Жыгми, удэми, жьыми сайупщlу:
- Фlыуэ сlъагъур
Фи дежкlэ блэкlа?-
Ахэм зыми къахуэмыгъагъур
Си дзажэнатъхэм
Сэшхуэдзэу пхокlыр.



Лъагъуныгъэмрэ усэмрэ и къежьапIэ Нахьур

Бзум, жьауэм.
КIыфlым я хэщlапIэ Нахьур*
Сыкъыщытехъащ дунейм,
И уэрамхэм, ябгынжка щlапIэхэм
Я жэщхэм сагъэтъэгъуащ куэдыкlей.
Къыщыжьхьырт а жэщхэм
Тхъэкlымжьхьх ягъэщтауэ.
Я жьыбгъэр къызэлъащащэу,
Ятlэ лъэбакъуэкэр счауэ.
Щызэзгъэщlащ удэхэм,
мэкъупIэм я бзэр.

Сигъэсащ сепсэлъэфу бзум,
Хьэмхэм, цlыхум, жьызумейм
Къыщыстхьхьуащ си пщэдейр.
Мазэм и пшэкlыхь псыпсым
Хузигъэщlащ гу уэсм.
Жинми удми хуэжьалъхьа таурыхъым
СыщlиитъэдэIурт Нахьур.
Жэщым зэрихьэ бэджьыхьым
КIыфlкIэ щыбгаурт хьэуар.
Жэщым зэрихьэ бэджьыхьым
КIыфlкIэ щыбгаурт хьэуар.
Къыщыхьужам фlыуэ сlъагъуу
И цlэр тестхат ятlагъуэм.

Тестхат ар пшахъуэми щихуми,
Зыпысщlэу уэрэдым и щэхум.
Си псалъэр жьым тезмытхэн щхьэкlэ,
Уафэр къэлъахьыпэрт жэщкlэ.
Къыхуэнущэу нэхум, хуабэм я хьэуар,
Сыкъыщыхьуащ и куэщым Нэхьур!

* Нахьур - Иорданым адыгэхэм щауха къуажэ (нобэ - къалэщ).



Плъыфэ зэхуэмыдэхэр

1

Гъаблэм и жыг къудамэ гъагъэу,
Си гум итлыг ун лъагъунытъэр.
Мэкlыр, мэхъур нэхъ ин,
КIуэтэхункlэ энубгъуу,
Пшынатlэу зэщlэжьуэнущ,
Тхъэмпэр лъэтэнущ хьэндырабгъуэу.
Тетlысхьэнурэ и Iупэм нэхущым,
Къриншынущ уэрэд ерыщу.

2

Си нэм ун нитlыр егъафlэ,
Къилъагъумэ умыгунlщхьитlу,
Зыпщlмыгъэнщlу мэгуфlэ.

3

Узотъагъур
Гъунэгъу укъызэрыхьур,
Укъэкlуатэу узотъагъур,
Пшэхэр зэхьхьэу, зэхэкlыу,
Ахэм уэ уакъыпхыкlыу.
Зэи имыту и пlэм,
Зэманыр мэкlуэщl пщlыхьэпIэу.
Дыгъэр кьопсыр,
Сызыщlэнпэу матьхъэдису,
Уэ укъоркlуатэ,
Си гур бгъэкlатэтатэу.
Си гур ешалIи ун гум,
Хунту сигъаплъэ ун нэгум,
Дахащэу а ун нэ гъуабжэр
Набдзэ Iувым егъэпщкIу,
Iусхыну а набдзэм и бжэр,
Ерыщу ун деж сынокIуэр.

4

Унэ блынхэм,
Щхьэгъубжэхэм,
Жыгхэм
Гум къыпыткIу лъы ткIуэпсхэмкIэ
Ун цlэр тестхат.
Бжесlат сынэкIуэнуи,
Укъыспопльэ,
Кьыпхуэмыгъэсу пlалъэр.
Фlыгъуэм и жылапхъэр,
Гъащlэ тфIэкIуэдым хуэдиз и инагъыу,
Гум и щымагъым,
Мазэм ятьызопхъэ.

Зэман блэкlам хуауса дзапэ уэрэд

ГУКЪЭКlЫЖ

Гукъэкlыж псыпсым адэжlэ
Укъыщысу сотъагъу, си щlасэ,
Ун Iупитlым пшэлтъыр къыдэкlыу,
Щхьэц ухуэнар бгъэгум щыкlуасэу.
Узотъагъур тхьэIуху Iэрыкlыу.

ХЭХЭСЫНЫГЪЭ

Усэным бзу Iэпхъуэшапхъуэу
Къыщlелъэтыхьыр си лъым,
Уэри, ухэсу пшахьуэм,
Къысфlощlыр сэ укъыспэплъэу.
Гуауэм и уIэгъэр
Къыхэмыкlыф мафlэсым.
Къыжьэдикъуэну жьыбгъэр,
Пшахъуэм тызотхэ усэ.
Зыри пхузэхэмыхьыу,
Дунейри къызэщlоятэ.
Дыгъуасэ щытар кlэухьыу,
Нобэ щlэдзапIэу къеIуатэ.

КIЫФЫГЪЭ

Ар къритхащи натlэм,
Си жэщхэм ямыlэ махуэл,
Жэщгъуэлъу къэсщтауэ ятlэр,
Пщlыхь дахэхэр къызогъэбл.
Мэз кlыфl бгынар зи дуней
Си къуажэр жэщ Iувым щожей.
Щымащlэщ абы лъагъунытъэр,
Щынэгъ мащlэжкъэ псыр,
Ауэ къыщlещlыр нэкугъэр,
Кьигъэушыжу псэр.

ТЫНШЫГЪУЭ

Сыщожэщlыр, мы щыпIэм
Щыхокlыр си псэр.
Хуэзмыгъуэту Iэубыдыпlэ,
Щожжыр си гъащlэм и псыр.
Сыгъэрщ,
Сызэрысри кхъахэщ.
Щызгъуэтри зэштегъэу
КIыфl пхьипltыпlэншэм и лъахэрщ.
Си гъащlэ къудамэу гъагъэр
Гукъеуэу псэм кхьхэнарщ.
Псы сызыхьынур къэблагъэм,
Къыхэдзэ ун щхьэц ухуэнар.
Ун щхьэпыр жесшынжмэ Iэблэм,
Сыкъыхэкlынщ, симытхьэлэу.

ПЩlЫХЬЭПIЭ

Сопщlыхь нэ пlащэхэм,
Щхьэц ухуэна щэнауэм,
Гугъэфlхэр къыстхуэзэпищэу,
Си унэм къыщlыхьэ зэманым.
Ауэ хэкlхъым пщlыхьэпIэм
Лъагъуныгъэм и кlэух гуIэр,
Ар, кьыхьхьэну нахуапIэм,
Жэщыр пхритхъыу къоIэ.
Сотъагъур къэмыса гъащlэу
Нджыри жьыкъэIуэ щыIэр,
НахуапIэм ар къыпыщlэнут,
СхупъэгъэIэстэм си Iэр.
Схуэмыбыдыж гупсысэм
ЗекIуапIэ ещlыр а гъащlэр,
СыIуплтъэнуи сыхунэмысу,
Мэбзэхьыж, жэуапнишэу си упщlэр.
ГъэзэгунапщIэ удзыщlэм, мазэм,
Хьм хэнэгуkl хьгъыгум,
Уэгу къысщхьэщыгъым и нэзыр
Щызэзыгошэри си гум,
Си IэплIэми изокъузэ.
Сопщlыхьыр къру лъэтахэм,
Iэджэ зи ныбжь къалэжьхэм,
ПсысэкIэ зэщlагъэбатэу,
Абыхэм псэр ягъэдахьэ.
Хэтщ губгъуэ бзвыр си пщlыхьым,
ЗекIуэIыр, кьиитьыхъуэу щыхь,
Си жэщхэм гъуэгум щытехьэу,
Си пщlыхьым куэдрэ кьыхохьэ.
Дыгъэшхуэм, ди щыгум, хым
Я сабингъуэ лъахэр
Къызитьжурэ дэрэжьгъуэ,
ПщlыхьэпIэм кьыхсуегъэIэгъуэ.

Гум щызопсыхь

Гуащхэм я пащтыхь,
Уэри сэ сынопщlыхь:
Зэгуэр, зы пщlыхьэщхьэ гуэрым
Дунейм щызэтъащlыса
Фlыгъагъунытъэм и щауэу
А пщlыхьым сригъэсащ.
Ун нэм щыхьэулейуэ
Къыщlэкlыжа си уэрэдыр
Диныжкн щогугъри куэдым,
Тезгъэхьэнущ нджыри гъуэгум,
Уардэу щыIун щхьэ уэгум,
Быдэу гум щызопсыхь.

Сурэтхэр ПАЩТЫ Герман *ищlащ.*

Псыежэх жыжьэ

Мазэ псыфыр
Ун нэ мазитlым щодий,
Ун Iэблитl тафэм
Чэруапым зыщеукъуэдий.
Си усэри, си псалъэри
А тафэм тету докlуей.
Сыпхокlри уафэ гурымым,
Сызэпрокlри псы уэрым,
Сытокlри псы Iуфэ ныдджэм
Ухыгъэм и лъахэ телъыджэм
Къыщыхутауэ си псэр,
Гъэгуанэм щыстха си усэм
Сайсыхуоджэ зэман къэувыым,
Лъатъэурэ псыежэхым,
Мыувыlэжьыхьхэу кьешх уэшхым.
Си усэм сащхьэдешэхыр
Кавказым и къуршыжь сэхэм.
Сытуи гугъу гъэгуанэр,
Мыхъуну лъэданэ зибгъанн.
Хэхэсым и жыгхэр лъагэщ,
Кlыфlыщэщ хэхэсым и жэщхэр-
Имыухынми ярейуэ,
Нэу щыхукlэ Iэджи ягъейуэ.
ПсыхуэлIэр схуизыгъэкlыну
Псым и псыпэр жьыжьэщ иджыри,
И гугъэу си ужь икlыну,
Сфlехьыр жыгхэри, усэ сыкъызэджэри.
Вагъуэкэм адэкlэ уафэм
Нып фlыщlэжьыр къыщоуфафэ.

Псыжь Iуфэ

Си ныбжьэгъу Мэшбащlэ Исхьэкъ хузотх

Таурыхъым кьыхэплъыкlIущхьэу,
Си гъуджэм кьытощыр ун щхьэр.
Сыкъыкlыжащ лъахэ мыщlыхум,
Сеплъащ нэущ пшэплъым и нэхум,
МафIэм хуэпабгъэ хьэндырабгъэу,
Сыщlызэтьетащ и губгъуэм.
Дыкъыхэкlыжри уэгум и джэгум,
Щlыгум щыщlэдгъэплъащ ди лъэгум.
Щыхуэсlуатэкlэ и тхыдэр
си лъагъунытъэм,
Жьыпыр, зыхуэмыубыду магъыр.
УIэфщ удзым хуэдэу,
ПщlыхьэпIэ уэсэпсу уолыдыр.

Си пщlыхь хъарым укъызэпхокlыр,
Си гущlэм мыIэрысей щыбгъэкlыу.
Сыкъыпхуэкlуащ псэм и бэтэгъуэм,
Хуабагъэ ун деж кьыщысlпхьэуэу.

Бзу кьыхэсщlыкlри пщlащэм,
Уэгум изгъIыщхьащ.
Укъэзгъуэзыныр гуращэу,
Пшахъуэщlым сихьащ.

Сыщхьэщlащ Псыжь,
Фlыгъагъунытъэм и мейм
Сыщlыпсэуащ и жьауэм.
Щыхуэмыгъуэтыр арат дунейм,
Си пщlыхьхэм хэт Защlэу куэд щlауэ.

Мейкъуапэ и щхьэгъубжэхэм
Къуэкlыпlэмкlэ ядзыр нэжур.
Мейкъуапэ и уэрам гъуабжэхэм
Щыхьхэр щызэкlуэ щэжуу.

Уэрэдыр уэгум щигъэIуу
Лъэтащ си бзу дыжьыныфэр,
Си хьыбарым кьыздыщlэдэIум
Жыгым и тхьэмпэр кьопсыфыр.

Мейкъуапэ щихухэр

Сэ Мейкъуапэ фlыуэ сотъагъур,
Езы Мейкъуапэ фlыуэ елъагъур
псыхьуэр,
Псым хоплъэри, ещхьу гъуджэм,
Мейкъуапэ абы кьыщоджэ:
Дыгъэм и бзнихэм я щжум,
Бзухэм я уэрэд нэхум,
Псы щlыIум щызэхунхьэсу
Хьэщыкъ хъуахэм я гухэлъ къуэпсхэр.
Удз гъэгъахэр лелъу Iэрамэу
Яхуехь зэгуэкlуахэм щыму.
Iутщи Iуфэм зэкlужу щихухэр,
Яхуехьумэр жыгхэм я щжухэр.
А щхухэр трешэри лъагъуэ,
Я хъуапсапIэр къахуегъэIэгъуэ.
А псоми ятхьэкъу усакIуэр
Жэщ вагъуэбзм щызэрегъакIуэ,
Пхрешыр мафIэсым,
Жэщ хьэндырабгъуэр зысым.
Уэшхым и тхьдэм и щжур
РешаалIэри пщlанэу дыгъэм,
Псы ткIуэпс щыгъэжэр къыIэпыщlэхуу,
Зыщегъэпщкlур гъуэжькуийм
и къуагъым.
Зыми имыщlэ гуэрым ежьэу,
Гъащlэ къуэвыIам зеIэжь.
Вагъуэбэ жэщым,
Уэшхым,
Лагъуныгъэм хьэщыкъ ящlахэм
Я цlэжэр
Иретхэ уэгум,
Тхылъ къыщыгъагъэр и гум
Нехьэсыр уафэм и щыгум.

И нитlым щиущжу къэгъагъэм
Сызэрыщlэупщlэу,
Къегъаззэри и щlыбагъыр,

Сызыпут щхьэгъубжэр кьызэхуещlыр.

Ныбжьэгъугъэм сIэпиха жейр

Гурыщlэхэр къыщыуш жэщ мазэгъуэм
Къызобжьр: жьыр, дыгъэпсыр,
Ун Iэгум нс хьэидырабгъуэр,
Вагъуэу уафэгум исыр,
КъызэщlиIэтэу гурыщlэр,
Ун Iупэм т ебэукI упщlэр,
лъэхъэнэхэм пхыкI уэршэр Iэфlым
Ныбжьэгъугъэ лъахэм срешэ,
Къысщыхуэу гъащlэм и нэфlыр,
Дзапэ уэрэдкlэ сохашэ.
Къыдэпльмэ щхьэгъубжэм лъэхъэнэр,
Жейр щlокlуэдыкI си унэм.
Таурыхъыжьхъэм къыгъаджэ бжьамийм
Къофинкlыр ныбжь фагъуэ гуэр,
Къыщlльыхъуэжу зыгуэр дунейм,
Ныбжь лъэужьым ирокlуэ гур.
Ар уэращ, зым къезмыгъащlэу,
Пщlыхьэщхьэ тхыгъэхэм
къыщызгъэщlыр.
Къысщыхъуауэ сфIэкIуэдыжар
ЗгъэпщкlуIуауэ къыщlэкlыжащ.
Къегъэзэж, къеубыдыжьыр си Iэр,
Дызэхуэзэнукъым афIэкI, кьызжиIэу.
Ешэщl псалъэмакъыр адэжlэ,
Иришэкlыу хы Iуфэ кlэншэмкlэ.
Си нитlым щlэта нэпс щэхур
Пащэ мэхъури, къысфlыщlохур.
КъыпфIэщlыну кьытехьэ пшагъуэ,
Пшахъуэм хуэдэу сэри собагъуэ.
Ныбжьхэр, ахэм ирагъэшауэ,
Сфlыдокlыжри щхьэгъубжэ нэфым,
Зэман пшагъуэм хэгъуэщэжауэ,
Зыгъехьэжьыр гуауэм и тафэрщ.
Дыщыьжэгуакlэу дэри уафэм,
Дыщетlысэхри жьыр хадэм бзууэ,
ТфIэфIу Дуней псор къэдгъафэм,
Къыхэдзащ ди пшынатlэр зууэ.
Гурыщlэ щэхур
Тедгъэхьащ гъуэгу махуэ,
Идубыдати пщlыхьэпIэм и хъым,
Гъэр тщIа ажалыр хохьэж таурыхъым.
Дыдехьами кlэншэу гугъу,
Вагъуэр уэгум щиткъухьащ,
Ныбжьэгъу!
Иджы дыщыIэнущ уэрэ сэрэ
ЩыIэхункlэ жыгейрэ Псыжьрэ.
И гъыбзэри нэпсым
Хисхьэм уэрэд щэхум,
Дунейкlэ кьэхъуапсэу
Кьэнжьынущ сахуэр.



Си Iэпкъгъэпкъым хэлъ сэшхуэхэр

* * *

Удыгъэу жьысIэу ба щыпхуэсщlам,
Си Iупэр ткIыбжьу кьыхсфlилыпщlат.
Бзу уригугъэу кьыщоIуэсэм,
Си сабингъуэри кьыбжьыр.
Хуэхъуар псалъащхьэ си гум щыщlэм
Къыбоджьыкlыфыр псэм и лъащlэм.

* * *

Сэшхунтху си Iэпкъгъэпкъым
Щыгъэрыпхьым сыщысщ седаIуэу.
Щихур зэжьэ уэшхыр
Си дежи къызэрыкlуэнур
сотъагъу наIуэу.

* * *

Си нэр сфIытеплъызэу
Къоощlр гъуджэм,
Тесу жьы щхьэмыгъаззм,
Сабийр псы уэрым зэрепыджыр.

* * *

Сыту гуауащэ ущыгъуащэр,
Сыту кlыхьыщэ хэхэс жэщыр!
Зэман кьысфlэуэрыIэм
Къриш гъыбзэ-гуIэм
Сыкъыхэкlри и сахуэм
Сыкъыхуэкlуащ ун гум и щэхум.
Щlыхь щызгъэпщкlуауэ щытар псым
НахуапIэу езгъэтъагъуну псэм.

* * *

Пшахъуэщlым и курыкупсэм
Хэт къалэм и уэрамхэм
Зыри жумыIэу, щыму
Ущысфэкlуэри зэуэзэпсэу,
Щlыгушхуэм кьытепсэ дыгъэпсым
Къыщынэлуэжами ун ныбжьыр,
Сыпэбэми сыпльэмыIэсу,
Сфlэбзэхыжащ ун лъэужьыр.
Ди зэхуакум къыдэ хуэта блыным
Сыщетлъэм, ун деж сынэкlуэну.

Зэзыдзэкlар
КЪАЛМЫКЪ Адианрэ
УЭРЭЗЕЙ Афликрэщ.

Iэмал куэд къегъэсэбэп

Зи IэнатIэм хуэпIащIэу нэху къекI цIыхур насыпыфIэщ. Ахэращ гъащIэм и плъыфэ зэхуэмыдэхэр къэзыгъэщIыфыр, ар зыгъэдахэр. Апхуэдэщ егъэджакIуэхэм я нэхъыбэр. Зи лэжьыгъэм темызашэ, егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэр езыгъэфIакIуэ Iуэхугъуэхэм я жэрдэмщIакIуэ а цIыху щыпкъэхэр зэманымрэ щIэблэмрэ ядобакъуэ. Налшык дэт курыт школ №14-м есэпыр щезыгъэдж Новохатькэ Маринэ и дуней тетыкIэмкIи Iуэху зехьэкIэмкIи щапхъэу жыпIэ хъунущ. А бзылъхугъэ гуащIафIэр илъэс 25-м щIигъуауэ, зы пщэдджыжь къэмынэу жыхуиIэм хуэдэу, и лэжьыгъэм пэрохьэ, къаруущIэрэ жэрдэмыщIэрэ и куэду.

- Мы IэнатIэм сызэрыпэрыувар зыкъомкIэ и фIыгъэщ си щхьэгъусэ Сергей. Ар физкультурэмкIэ егъэджакIуэти, и лэжьыгъэм тепсэлъыхьурэ сыдригъэхьэхат. Арати, сызэрылажьэ инженер IэщIагъэр къэзгъэнащ, университетым сыщIэтIысхьэри, егъэджакIуэу къэзухыжат, - жеIэ Маринэ. - Абы лъандэрэ блэкIа илъэсхэм къэхъуакъым а лъэбакъуэм сыщыхущIегъуэжа.

Маринэ и дерсхэм ящыщ дэтхэнэри къэхутэныгъэ лэжьыгъэм ещхьщ. Абы и гъэсэнхэр щIэныгъэм дрегъэхьэх. Школым щылажьэхэм ящIэ апхуэдэ Iуэху зехьэкIэр сабийхэми зэрафIэфIыр - абыхэм езыр-езыру «къызэIуаха» дэтхэнэ теоремэри хабзэри куэдкIэ нэхъ гурыIуэгъуафIэ ящохъу, ягуми нэхъыфIу ираубыдэ. ЕджакIуэхэм есэпымкIэ щIэныгъэ зэрабгъэдилъхьэм къыдэкIуэу, Маринэ хущIокъу я бынхэр гъэсэнымкIэ адэ-анэхэм сэбэп яхуэхъуну. Ар щIэх-щIэхыурэ яхуозэ абыхэм, лъэныкъуитIри зыгъэпIейтей Iуэхухэм я хэкIыпIэхэр къызэдалъыхъуэр.

- Есэпыр адрей дерсхэм яхуэдэкъым. Ар фIэкIыпIэ имыIэу ЕГЭ къэпщытэныгъэу щIагъэувыни щыIэу къэслъытэркъым, - и лэжьыгъэм топсэлъыхь ар. - Абы дихьэххэм программэм и лейуэ ядэлэжьэн хуейщ, нэгъуэщIхэм а предметым щыщу гъащIэм Iэмалыншэу зыщыхуеинур ебгъащIэмэ куэдщ.

ЕгъэджакIуэм и мащIэкъым олимпиадэхэм, нэгъуэщI зэпеуэхэм жыджэру хэт, увыпIэфIхэри къыщызыхь гъэсэнхэр. Абы и лэжьыгъэфIым и щыхьэтщ «Илъэсым и егъэджакIуэ» къалэпсо зэхьэзэхуэм и лауреат зэрыхъуар. Апхуэдэу Маринэ хэтащ икIи щытекIуащ «ЕгъэджакIуэ нэхъыфI» къэралпсо зэпеуэм икIи абы и щIыхь тхылъымрэ сом мини 100 хъу ахъшэ саугъэтымрэ къыхуагъэфэщащ. Апхуэдэ ехъулIэныгъэхэр зыIэрызыгъэхьэф лэжьакIуэщ Новохатькэ Маринэ. ЕгъэджакIуэ IэкIуэлъакIуэм ахэр и иужьрей лъагапIэуи зэрыщымытынум шэч къытетхьэркъым.

ХУЖЬОКЪУЭ С[illegible]

И щхьэгъусэ Сергей и гъусэу.

●2010 гъэр ЕгъэджакIуэм и илъэсщ

Новохатькэ Маринэ

Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд Новохатькэ и классым и хьэщIэщ.



ЮАР-м щекIуэкI дунейпсо зэхьэзэхуэм и кубокым щIэбэнхэм я бжыгъэр мэкъуауэгъуэм и 2-3-хэм хуэдитIкIэ нэхъ мащIэ хъуащ.

Аргентинэм и тренер нэхъыщхьэ Марадонэ и губжьыр журналистхэм ятрекъутэ.

Европэм и тепщэныгъэр къегъэлъагъуэ

Финалым и 1/4-нэм хиубыдэ зэIущIэхэм я япэ махуэм зэпэщIэтащ **Нидерландхэмрэ Бразилиемрэ** я командэ къыхэхахэр. Джэгур зэрыщIидзэрэ куэд дэмыкIыу бжыгъэр къызэIузыха Америкэ Ипщэм икIа командэм тепщэныгъэр иIыгъыу зэIущIэм и япэ Iыхьэр и кIэм нигъэсащ. ЕтIуанэри апхуэдэу тыншу езыгъэкIуэкIыну щыгугъа Бразилием и командэ къыхэхам набдзэгубдзаплъагъэр фIэкIуэдащ икIи щытыкIэр икIэщIыпIэкIэ зыгъэзэкIуэжын мурад зиIэу джэгупIэ губгъуэм къихьэжа Нидерландхэм я футболистхэр яхузэтеIыгъакъым. 53-нэ дакъикъэм Снайдер бжыгъэр зэхуэдэ ищIыжащ икIи гугъэхэр къигъэщIэрэщIэжащ. Абы зи лъэр жан къищIа европейхэм ерыщу ипэкIэ кIуэтэн щIадзащ икIи куэд дэмыкIыу и къэралыр финалым и 1/2-нэ Iыхьэм зыгъэкIуа етIуанэ топыр Снайдер зэIущIэм щыдигъэкIащ. Джэгур иухыным дакъикъэ тIощIым щIигъу иIэж пэтми Дунгэ и гъэсэнхэм щытыкIэр яхуэгъэзэкIуэжакъым икIи зэхьэзэхуэр щыщIидзэм гугъэшхуэхэр зыхуаIа пентакампионхэм я командэм пасэу и унэ игъэзэжащ.

ЕтIуанэ зэIущIэм щызэхуэзащ **Уругваймрэ Ганэмрэ**. Африкэ щIыналъэм щыщу зэхьэзэхуэм къыхэна командэ закъуэм джэгукIэ хьарзынэ къигъэлъагъуэу япэ Iыхьэр иригъэкIуэкIащ, уеблэмэ, къыщIагъуа дакъикъэхэм я иужьрейм Ганэр япэ ищащ. ЗэIущIэм къызэрыщIадзэжрэ дакъикъипщI фIэкIа дэмыкIауэ Уругвайм и гъуащхьауэ Форлан бжыгъэр зэхуэдэ ищIыжыну хузэфIэкIащ. Джэгум хухаха зэманыр апхуэдэу иухащ. АдэкIэ командэхэм къапэплъэрт дакъикъэ 15 зи кIыхьагъ IыхьитI. Япэм щытыкIэм зыщихъуэжакъым. КъыщIагъуа етIуанэ Iыхьэм и кIэух дыдэ дакъикъэм гупышхуэу иужьрей ебгъэрыкIуэныгъэр къызэрагъэпэщащ Ганэм и футболистхэм. ИкIи гъуащхьэтетым IэщIэкIауэ гъуэм дыхьэ топым IэкIэ къригъэгъэзащ Уругвайм и гъуащхьэхъумэ Суарес. Дауи, ар занщIэу джэгум къыхахуащ икIи судьям метр 11-мкIэ игъэлъэгъуащ. Пенальтир игъэзэщIэну дзыхь къызрагъэза Ганэм и гъуащхьауэ Гьян лъэщу топым еуащ, арщхьэкIэ перекладинэм техуэри къигъэлъеижащ. Насыпырыхь джэгу-пенальтим Iуэхур хуэкIуащ. Абы 4:2-уэ и кIэн къыщикIащ Уругвайм и командэ къыхэхам.

КъыкIэлъыкIуэ махуэм финалым и 1/4-нэ зэхьэзэхуэхэм пащащ **Аргентинэмрэ Германиемрэ** я командэ къыхэхахэм. ЗэIущIэр зэрыщIидзэу мыгъэрей дунейпсо чемпионатым нэхъ псынщIэ дыдэу щыдагъэкIа топыр ещанэ дакъикъэм къехъулIащ Мюллер. Япэ Iыхьэм бжыгъэр зэхуэдэ ящIыжыну Iэмал зыбжанэ зиIа Америкэ Ипщэм и командэм хузэфIэкIа щыIэкъым. КъыкIэлъыкIуэ лъэхъэнэм Аргентинэм топ дигъэкIын дэнэ къэна, зыхъумэжыныгъэм къару нэхъыбэ тригъэкIуэдащ. АрщхьэкIэ нэхъыбэр псыхэкIуадэт. 68-нэ дакъикъэм Клозе бжыгъэр игъэбэгъуащ. Дакъикъэ зыбжанэ дэкIри ар 0:3-м нигъэсащ Фридрих. Зи джэгукIэр къызэтекъутэпа, зэIущIэр къэрагъэлыным я гугъэр хэзыхыжа Марадонэ Диегэ и гъэсэнхэм «сэлам ирихыжащ» и етIуанэ топыр 89-нэ дакъикъэм дэзыгъэкIа Клозе Мирослав - 0:4.

Финалым и 1/4-нэ Iыхьэм и иужьрей зэIущIэм щызэхуэзащ **Парагваймрэ Испаниемрэ**. ЗэпэщIэтыныгъэшхуэ я зэхуаку дэлъу япэ Iыхьэр зэхьэрхуэрэгъухэм ирахьэкIащ. Зы лъэныкъуэмкIэ къикIым адреймкIэ къыщызэщIэплъэ зэпеуэр икъукIэ гъэщIэгъуэну екIуэкIт. Апхуэдэу 59-нэ дакъикъэм япэ ищыну Iэмал хьарзынэ къахукъуэкIат Парагвайм и футболистхэм. Испанием и гъуащхьэхъумэ Касерес хабзэр къызэрызэпиудам кърикIуа пенальтир тэмэму хуэгъэзэщIакъым Кардосо - топыр гъуащхьэтетым къищтащ. КъыкIэлъыкIуэ дакъикъэм апхуэдэ дыдэу хабзэм текIащ Испаниери. Иджы лIыхъужьыгъэ зрихьащ Алонсо Хави зэуа пенальтим къезыгъэгъэза Парагвайм и гъуащхьэтет Вильяр. Iэмал хьарзынэхэр къэзымыгъэсэбэпыфа командэхэм джэгум нэхъапэми хуэдэу пащащ. Финалым и 1/4-нэ Iыхьэм и адрей зэIущIэхэм елъытауэ иужьрей зэпэщIэтыныгъэм псори зэхэзыгъэкIар зы топ закъуэрщ. 83-нэ дакъикъэм бжыгъэр къызэIуихащ икIи адэкIэ дунейпсо кубокым щIэбэныну Испанием Iэмал къезыта топыр дигъэкIащ гъуащхьауэхэм я зэпеуэм аргуэру пашэ щыхъуа Вилья Давид.

Апхуэдэу Америкэ Ипщэмрэ Европэмрэ я командэхэм я зэпэщIэтыныгъэм 3:0-у щытекIуащ европейхэр.

Нобэ финалым 1/2-нэ Iыхьэм и япэ зэIущIэм щызэпэщIэтынущ **Нидерландхэмрэ Уругваймрэ** я командэ къыхэхахэр. **Пщэдей Германиемрэ Испаниемрэ** я зэIущIэм щызэхэкIынущ финалым щыджэгунухэр хэтми.

ЖЫЛАСЭ Замир.



Фридрих бжыгъэр 3:0-м негъэс.

Ганэм и футболистхэр я унэ мэкIуэж.

●ХъыбарегъащIэ

Къэбэрдей къэрал драмэ театрым фрегъэблагъэ

ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым бадзэуэгъуэ мазэм мы спектаклхэр щагъэлъэгъуэнущ:

Бадзэуэгъуэм и 9-м:
Шортэн Аскэрбий.
«Яшэмрэ къэзышэхэмрэ»
(гушыIэ).

Бадзэуэгъуэм и 20-м:
Эдуардо де Филиппо.
«ЦIыхущ икIи джентльменщ»
(гушыIэ).

Бадзэуэгъуэм и 30-м:
ЯПЭУ ЯГЪЭЛЪАГЪУЭ
Хамидулинэ Еленэ.
«КъуийцIыкIурэ жэм тельыджэмрэ»
(псысэ).

Театрым и художественнэ унафэщIыр Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и артист **Шыбзыхъуэ Басирщ.**

ЩыщIидзэр сыхьэтыр 18-рэ дакъикъэ 30-рщ. УпщIэ зиIэхэр мы телефонхэмкIэ фыпсалъэ хъунущ: **42-64-94, 42-33-89**

НыбжьыщIэхэр ягъэгушхуэ

●ЩIэблэ

Илъэс зыбжанэ лъандэрэ, хабзэ зэрыхъуам тету Бахъсэн къалэ администрацэм ирегъэблагъэ дыщэ, дыжьын медалкIэ курыт школыр къэзыуха ныбжьыщIэхэр. Ар и жэрдэмщ къалэ администрацэм и Iэтащхьэ Быф Анатолэ.

МЫЗЫГЪУЭГУМИ Быфым и хьэщIащ къалэм нэхъыфIу щеджа пщащэхэмрэ щIалэхэмрэ. ЗэIущIэр къыщызэIуихым Бахъсэн къалэ советым и Iэтащхьэ Бырхьэм Залинэ къызэхуэса ныбжьыщIэхэм ехъуэхъуащ.

АдэкIэ Быф Анатолэ псалъэ гуапэкIэ захуигъэзащ школыр къэзыухахэм.

- Псом нэхърэ нэхъыщхьэр фи адэ-анэмрэ фи егъэджакIуэу щытахэмрэ зэрыхуеим хуэдэу факъыхущIэкIыныр щ, - жиIащ Быфым. - Дэнэ щыIэпIэ фыкъыщыщIидзами, IэщIагъэлI Iэзэ фыхъуауэ фыкъыщалъхуа къалэм къэвгъэзэжыну ди гуапэщ.

ЕгъэджэныгъэмкIэ Бахъсэн къалэ къудамэм и унафэщI Жамырзэ Лидэ щIалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ ехъуэхъуащ ягу иралъхьа псори къайхъулIэну икIи зи школым, къалэм и пщIэр республикэ, урысейпсо зэпеуэхэм щызыIэта ныбжьыщIэхэм я цIэхэр къриIуащ.

2010 гъэм къалэ курыт школхэр къэзыуха еджакIуэ нэхъ жыджэрхэм ящыщщ дыщэ медаль, зыхуагъэфэщахэу НатIэ ФатIимэ, Сэбаншы Анетэ, КIэщт Каринэ, Машковэ Зарэ, Нартокъуэ Аминэ (4-нэ курыт школ), Проскуряковэ Дианэ, АкIэжь Мадинэ, Бер Бэлэ (6-нэ курыт школ), Хьэжнэгъуей Алим, Щоджэн Саидэ (5-нэ курыт школ), Хайганов Астемыр, ЗэкIурей Инессэ, Къардэн БетIал, КIурашын Ратмир (курыт школ №3), Хужьокъуэ Динарэ (курыт школ №1), дыжьын медаль къэзыхьахэу Къардэн Мадинэ (курыт школ №3), Мэздэгу Каринэ (курыт школ №1), Нэгъуей Раметэ (курыт школ №4) сымэ.

НыбжьыщIэ зэчиифIэхэр я мурадхэмрэ хъуэпсапIэхэмкIэ къалэ унафэщIхэм ядэгуэшащ, фэеплъ сурэти зытрагъэхащ.

Ахэр щIалэщ, дахэщ, губзыгъэщ, къаруущIэщ, мурад зи куэдщ. ЛъагапIэм хуэзышэ япэ дэкIуеипIэр ехъулIэныгъэкIэ къызэранэкIащи, дяпэкIи апхуэдэ Iуэху дахэхэр зэфIагъэкIыну ди гуапэщ!

ТЫIЭЩ Залинэ.

Уз зэрыщIалэхэм защыфхъумэ

●Узыншагъэ

ЦIыху куэд зыгъэсымаджэхэм щыщщ кIэтIий уз зэрыщIалэхэр. Псалъэм папщIэ, абы хохьэ ныбажэмыжакъуэр, сальмонеллезыр, нэгъуэщIхэри. А узыфэ зэрыщIалэхэр къезыхьэкI микробыр цIыхум и IэпкълъэпкъыМ зэрыхыхьэр и жьэмкIэщ икIи абы кIэтIий гъумыр е псыгъуэр «тIысыпIэ ещI» икIи а микробхэр тыншу пхуэгъэкIуэдкъым. А узыфэхэр къыщоуалIэкIэ уи щхьэр уназэу, уи къэжьын къакIуэу, уи ныбэр узу, уи температурэр дэкIуейуэ мэхъу.

IЭЩIАГЪЭЛIХЭМ къызэралъытэмкIэ, дунейм щихуабэгъуэ лъэхъэнэрщ кIэтIийм епха узыфэ зэрыцIалэ зэхуэмыдэхэр нэхъ щыятэр. Тык уэным е бээзрым къыщыфщэхуа пхъэщхьэмыщхьэхэр фшхын и пэ, къабзэу тхьэщIын хуейщ.

Узыншагъэми дежкIэ шынагъуэщ щIыIалъэм щамыIыгъа шхыныгъуэхэр гъэмахуэм къэпщэхуныр. Апхуэдэ ерыскъыгъуэм хохьэ бдзэжьейр, шэхэкIхэр, морожнэр, крем зыдэлъ IэфIыкIэхэр. Апхуэдэу зи гугъу тщIа узыфэ зэрыцIалэхэр «къэбубыдынкIэ» хъунущ краным къиж е псынэм къыщIэж псыхэр къэмыгъэкъуэлъауэ уефэми. Узыфэ зэрыцIалэхэм я микробхэр бадзэхэм куэду кърахьэкI икIи нэхъ псынщIэу зэбграх. Ахэр унэм къыщIэмылъэтэн папщIэ бжэхэмрэ щхьэгъубжэхэмрэ Iупхъуэ хьархэмкIэ гъэбыдэн хуейщ.

Узыфэм зыщыфхъумэну фыхуеймэ, шхыныр Iэмал имыIэу щIыIалъэм дэвгъэувэ, пхъэщхьэмыщхьэхэр фшхын и пэ къабзэу фтхьэщI. Узыфэ зэрыцIалэхэр зыпкърыт цIыхум къигъэсэбэпа хьэпшыпхэр нэгъуэщIым къищтэмэ, абы ар къыпкърыхьэнкIэ шынагъуэ щыIэщ. Ар къэмыхъун щхьэкIэ сабийхэм щIэх-щIэхыурэ я Iэр фтхьэщI, зэрыджэгу хьэпшыпхэри дэвгъэкIуэу.

КIэтIийхэм япыщIа уз зэрыцIалэхэр къызэуз сымаджэр зыщIэлъ пэшыр хлорамин раствомкIэ зэрыхр кърагъэсэбэпу махуэм тIэу къагъэкъэбзэн хуейщ. Апхуэдэуи ар зэрышха хьэпщыкъумрэ зыхэлъа тепIэнщIэлъынымрэ хлорамин растворым (зэрыжьыщIэ порошокри къэбгъэсэбэп мэхъу) зы сыхьэткIэ хагъэлъри, итIанэ къагъэкъуалъэ.

КIэтIийхэм япыщIа уз зэрыцIалэ узыфэхэр къомыуэлIэн папщIэ дэтхэнэ зыми игъэзэщIэн хуейщ мы къызэрыгуэкI Iу эхугъуэхэр:

- шхэн и пэ къиху эу и Iэхэр итхьэщIын;

- крем зыдэлъ шхыныгъуэхэр нэхъ мащIэ ищын;

- псынщIэу зэкIуэкI шхыныгъуэхэр щIыIалъэм щихъумэн;

- салат зэхэлъхьахэр сыхьэт зыбжанэ нэхъыбэкIэ щимыгъэтын;

- псы къэгъэкъуэлъа е минерал зыхэт псы фIэкIа емыфэн.

ХЬЭЦIЫКIУ Климентий,
КъБР-м и къэрал санитар дохутыр нэхъыщхьэ.

●Лэскэн куей

Хьэблэ зэпеуэ

КъБР-м и Лэскэн районым хыхьэ Хьэтуей къуажэм «Хьэблэ зэпеуэ» зыфIаща Iуэху гъэщIэгъуэн щрагъэкIуэкIащ. ЩэнхабзэмкIэ район къудамэм и унафэщI Зыхь Маритэ и жэрдэмкIэ ар къызэзыгъэпэщар къуажэм дэт ЩэнхабзэмкIэ унэм и лэжьакIуэхэрщ.

ЗЭХЫХЬЭ гуапэм и зэхэублакIуэхэм я мурад нэхъыщхьэр губгъуэ лэжьыгъэхэр и гуащIэгъуэу щекIуэкI зэманым хьэтуейдэсхэм зрагъэгъэпсэхунырт, я гукъыдэжыр къаIэтынырти, ар абыхэм къайхъулIащ.

ЗэIущIэм къирихьэлIащ Хьэтуей къуажэ администрацэм и Iэтащхьэ **Щхьэгуэш Анурбий**, Зауэмрэ лэжьыгъэмрэ я ветеранхэм я къуажэ советым и унафэщI **БищIо Юрэ**, Нэхъыжьхэм я советым и тхьэмадэ **Тарчокъуэ Къэралбий** сымэ, къуажэдэсхэр.

Зэхьэзэхуэм хэта дэ тхэнэ уэрамми щыщхэм уэрэдхэр жаIащ, къэфащ, усэхэм къеджащ. Зэпеуэр сабийхэми балигъхэми я дежкIэ гукъинэжу щытащ.

ГУIЭТЫЖ Залинэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьэкIэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ГъущIо Зариф, Къардэн Маритэ, Ныбэжь Таисэ, Хьэжыкъарэ Алик.**



ДИ ХЭЩIАПIЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IуэхущIапIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм. Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр щэнымкIэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м. Тел.: 42-69-34

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №Н-0065-м щIэту ятхащ. Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

1905 гъэм щыIа Революцэм и цIэр зезыхьэ Республикэ полиграфкомбинат, Налшык къ., Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ ДыщэкI Соня, редактору Жыласэ Замир, корректорхэу ПхытIыкI Юрэ *(1, 3-нэ нап.)* Бацэ ФатIимэ *(2, 4-нэ нап.)*, корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу Иуан Заирэ. *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* Дол Маринэ, Щомахуэ Мариannэ, *сурэтхэм елэжьар* Бицу Жаннэ.

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531●Тираж 10.125●Заказ №1884